

## ЦАРДÆН Æ ГЪÆЗДУГДЗИЙНÆДТÆМÆ МА БАБÆЛЛÆ, ФАЛ Æ ХУÆРЗÆГЪДАУМÆ!..

***ГАГЛОЙТИ Владимир (1928-1996), финсæг: «Куд хуарз уидæ, адæм еугурæйдæр æмхузон кæдзос æма рæсугъд зæрдити хецæуттæ ку уиуонцæ, кæрæдзей ристæй ку ресиуонцæ. Еу инней зини æрдæг æхемæ ку есидæ. Цæйбæрцæбæл рæсугъддæр уиуонцæ адæм. Куд æнцон æма æхцæуæн уидæ цæрун...» Бæргæ уотæ ’й, фал нин уотæ цæрунæн ба уоди хъаурæ уæддæр нæ фагæ кæнуй...***



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№5 (974) 2025 анзи 15 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## УÆРÆСЕЙ 15 ФЕВРАЛИ БÆРÆГГОНД ЦÆУЙ ТУГЪДОНТИ-ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТТИ БОН



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

**Нæ Фидибæстæй еуварсгонд рауæнти тугъдон цаути не ’фсæддонтæй ка архайдта, æма си æ ихæс рæстуодæй æнхæст кæнгæй ка фæммард æй, уони номерæнæн Уæрæсей алли анз дæр 15 феврали бæрæггонд цæуй тугъдонтæ-интернационалистти имисæн Бон. Аци бон ба уомæ гæсгæ нисангонд æрцудæй, æма евгъуд æноси 80-аг æнзти Афганистани зæнхæбæл тугъдтити ка архайдта, еци советон æфсæддон фæстаг хай рацудæй еци бæстæй. Уогæ 15 феврали нæ дзиллæ имисунцæ айдагъ Афгани тугъди архайгути нæ, фал ма берæ æндæр паддзахæдти тугъдон цаути не ’мбæстæгтæй ка архайдта, уони дæр. Уой фæдбæл нæ газети нуриуæнгæ дæр мухургонд цудæнцæ хецæн æрмæгутæ. Уотæ абони дæр – æрмæгутæ кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.**

## НÆЙЙЕС СИН ФЕРОНХГÆНÆН, НÆЙЙЕС СИН НИХХАТИРГÆНÆН...

Цæгат Иристони прокуратурæ куд фегъосун кодта, уотемæй арæзт æрцæудзæнæй, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Цæгат Иристони зæнхæбæл рæстæгмæ фæуугæй, ци аллихузон æверхъаудзийнæдтæ исаразтонцæ, уой фæдбæл уголовон гъуддаг.

Аци хабармæ гæсгæ зæгъун гъæуй уой, æма 1943 анзи тæккæ райдайæни, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Цæгат Иристонæй тард куддæр æрцудæнцæ, уотæ партий Цæгат Иристони обком æма Владикавкази гъæуайкæнуйнадон Комитети унаффæй арæзт æрцудæй сæрмагонд къамистæ финсгутæ, хузæгæнгутæ æма иннæ æхсæнадон организацити минæвæрттæй. Етæ бæрæг кодтонцæ фашистон æфсæдтæ Цæгат Иристони ци фудмиутæ исаразтонцæ, уой. Уой фæдбæл ци берæ æрмæг æмбурдгонд æрцудæй, етæ ’нцæ нæ республики архивти.

Ирæфи райони ци къамис архайдта, уой иуонгтæй еу адтæй финсæг **Бесати Тазе** дæр. Е уæди рæстæги ци документалон æрмæг бацæттæ кодта, уомæй еу хай мухур кæнæн абони номери 6-7-аг фæрстæбæл.



Документалон кинонивæ «Без срока давности. Несломленная Осетия»-æй ист къарæ.

### АХСГИАГ МАДЗАЛ



## ХУÆЗДÆР ПРОЕКТТÆ – ФЕДЕРАЛОН ÆМВÆЗАДÆМÆ

Нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ** архайуй, Уæрæсей адæмон хæдзарадæ æма паддзахадон служби Академи ке исаразта, еци программæ «Паддзахадон разамунд дæттуни дæсни»-йи регионалон мадзали.

Арæзт ба ’рцудæй Ханты-Мансийски автономон зилди, бæрнон ин æй зилди разамонæг **Руслан Кухарук**. Уордæмæ æрæмбурд æнцæ Уæрæсей алли регионти разамонгутæ æма къуæрей дæргъи сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн агъази нæуæг мадзæлттæ ’ргъуди кæнунбæл архайдзæнæнцæ. Æргом раздахтонцæ операций архайгутæн, тугъди бүдурæй цæфти хæццæ ка исæздахтæй, уонæн кусти бунæттæ аразунмæ.

Фарстатæбæл лæмбунæг æрдзубанди кæнун, экспертти хæццæ фембæлдтитæ, региони социалон институттæ бабæрæг кæнуни рæуаги гъæуама фæззиннонцæ сæрмагонд фæндитæ. Уони фæрци фæстугъд адæм æнцондæрæй сæхецæн бунат ердзæнæнцæ граждайнаг царди.

Нæ республики минæвар æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй стажировки архайгутæ ци практикон фæндитæ иссеронцæ, етæ хуарз фæййагъаз уодзæнæнцæ ветерантæн кусти бунæттæ иссерунæн æма кустдæттгутæ æма паддзахади ’хсæн бастдзийнæдтæ федардæр кæндзæнæнцæ.

Аци мадзали рæстæг æ архайгутæ бабæрæг кæндзæнæнцæ кусти бунæттæдæттæг службитæ, уоми лæмбунæг базонгæ уодзæнæнцæ ветеранти царди историй хæццæ. Фæндуй сæ, сахъат адæмæн кусти бунæттæ ка исаразта, еци кустуæтти фæлтæрддзийнади хæццæ базонгæ ун. Гъæуама кæронбæттæн стажировки архайгутæ багъæуай кæнонцæ сæ проекттæ, уони хæццæ уодзæнæнцæ кустдæтгутæн фæййагъаз кæнун, ахурадон программитæ. Хуæздæр проекттæ бахæсдзæнæнцæ федералон æмвæзадæмæ идарддæр парахат кæнуни нисани хæццæ.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ***

http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-йи хъæппæресæй 23 феврали æмгъудмæ нæ бæсти цæуй хуæрзауодæн акци «Гъар Бæгъатæрæн». Проекти архайгутæ, æригон гвардионтæ, бархеуонтæ æма æнæкоммерцион къабази минæвæрттæ сæрмагонд æфсæддон операций тугъдонтæн æрæмбурд кæндзæнæнцæ гъар***

## НÆ ФИДТÆЛТÆ СÆ ХУÆРЗГÆНГУТИ ДÆР ЗУДТОНЦÆ ÆМА СÆ ФУДГОЛТИ ДÆР



# ÆЙ ÆВЕДУЙГÆ МÆ УАРЗТ...



**ТЕМИРАТИ Давид** (1924-2007)
драматург, финсæг, актер

***«Мæн цард гъæуй айдагъдæр дæ хæццæ! Дæ кой, дæ уиндæ – мæ царди цийнæ! Ме 'стурдæр гъудитæ – дæубæл! Уарзун дæ! Æма нæййес еци уарзтæн фæмминæгдæр, фæмминкъийдæргæнæн. Нæййес! Айдагъдæр æй зæгъун нæ зонун. Уогæ, нæййес радзорæн, исхузæ кæнæн, ниффинсæн еци æнкъарæнтæн. Уони бавзарун гъæуй!..»***

Мæ хъазар! Некæд дин бандиудтон æргом ме 'нкъарæнтæ зæгъун. Бæргæ мæ фæндуй, ку мин балæдæрисæ мæ уоди катай, ме 'стур бæллецтæ! Гъо, гъо, куд хъæбæр мæ фæндадтæй! Фал куд, куд? Ци цæсгонæй? Куд дæмæ бандеуон? Къæсибадæг мæ ку исхонай, ести рæуæг зæронд къæсибадæг, фуруарзтæй æ сæр кæмæн разилдæй, уæхæн рæуæг сæр. Уотæ ма зæгъай, «ракæсай, цитæ 'й æрфæндæ адтæй, сумах берæ айтæ æма уæ еугурей мæхемæ куд хæстæг кæнон, уæд мæ сæр ку багъудæй!..»

Некæд бандиудтон мæ кæддзос сосæгдзийнадæ ескæмæн исгъæр кæнун дæр, ку мæбæл фæххудонцæ, уомæй тæрсгæй. Абони уæнгæ фæуурæдтон мæхе. Фал нур мæ римæхст гъудитæ сæхе ратудтонцæ, æма мæмæ байгъосæ, корун ди! Байгъосæ æма мæ балæдæрæ! Балæдæрæ æма ниххатир кæнæ.

Нур дæр дин неци исгъæр кодтайнæ, уомæн æма зонун: дæ уарзти аккаг цæмæй уон, уæхæнæй мæмæ неци ес. Зонун æй, ци дæн, цæйбæрци аккаг дæн... æма мæхе нæ сайун. Фал мæ уæддæр нæ фæндуй, ме 'стур уарзт мин ма базонай, уотемæй æй мæ хæццæ фæххæссон, е. Мæ карæмæ гæсгæ ба мин æмгъудтæгæнæн нæбал ес. Æз амондгун дæн Хуцауи фæрци! Ци 'й амонд? Магъа. Æвæдзи, алкæмæн дæр æхе амонд ес. Ка фæззæгъуй – æнæнездзийнадæ, ка – нифс æма хъаурæ, ка – æхцатæ, мулк, ка ци, ка ци... Æз ба...

Æз мæхецæн амондбæл нимайун, дæумæ ци зæрдæ дарун, уой... Фал æй нæ фæразун зæгъун, къумух æй ме 'взаг. Еуæй-еутæ райдайунцæ: «Æз атæ, æз уотæ, мæ уод дæр дин нæ бавгъау кæндзæнæн, нивондæн æй æрхæссдзæнæн дæ хуарздзийнадæн...»

Æз дæр æй æрхæсдзæнæн, ку багъæуа, уæд. Фал уой туххæй гъæр кæнун цæмæн гъæуй? Æцæг устур уарзондзийнади кой ахид нæ фæккæнунцæ, уомæн æма алли бекъæбæл, алли къубурбæл ке цъеу-цъеу кæнай, е æцæг æнкъарæн нæбал фæууй, фал уарзтæй гъазт...

Уарзондзийнадæ... Е æй... æнахур, аййев, рæсугъд, æ коймæ дæр зæрдæ тæбар-тубурæй кæмæн нирревзуй... Æзнæт гъудитæ, сау катайтæ, мæтæ, æскъуæлхтдзийнæдтæмæ дзорæг бæлдитæ, бæрзондмæ есæг хъаурæгин базуртæ – гъе, етæ еугурæйдæр еумæ 'нцæ уарзондзийнадæ, лæгæн æ хъаурæбæл хъаурæ ка æфтауй, æ нифсбæл ба – нифс, уæхæн æнкъарæн. Æма е ке зæрди æрбунат кæнуй, е фæууй а зæнхæбæл цæргутæн сæ амондгундæртæй: уонæй æз дæн еу.

Раздæр æй нæ лæдæрдтæн, фал нур... Мæ бон нæй æнæ дæуæй цæрун. Уæд мæбæл нæ кæсуй хор, нæ мæ тавуй æ гъар, уæлæнгай æй мæ уолæфт, ниуузал уй зæрдæ, нæбал ферттевуй цæститы цæхæр, нецибал мæ фæгъæуй. Айдагъдæр ма фæббæллун дæ уиндмæ, дæ рæвдудмæ, дæ фæлмæн дзубандимæ, дæ фæндури цагъдмæ... Гъо, гъо, некæд бафсæддзæнæн игъосунæй еци цагъдмæ, адæймаги зæрди пеллон арт ка исодзуй, æ бауæри иннердæмæ ка хезуй, еци дессаги цагъдмæ. Уадзæ райгъусæд мæмæ сауæдæнтти æнæрæнцайгæ сур-сурæй, зарагæ цъеути цъæбар-цъубурæй... Дæ рæсугъд алæмæттаг сорæт мæмæ разиндтæй стъалути æносон æрттивдæй, æгæрон арви æносон цирагъдар мæйи рохсæй, нæ цъетегун тухтæй, нæ деденæгæй фæлуст игурæрдæнтæй, нæ сагсор фæсевæди сæрбæзонд гъуддæгутæй, нæ ездон кизгутти рæсугъд цæститæй.

Æма дæмæ куд нæ бæллон? Конд æма уиндæй, зунд æма æгъдауæй, æхсарæ æма хъаурæй дæуæн æмбал кæми ес? Дæ цæститæ, дæ дзубанди, дæ комиуолæфт, дæ зартæ, дæ кафт... дæ кæдзос æнæххийнæ зæрдæ, алцæмæ дæр сæрæн февнæлд, дæ арæхстдзийнадæ... Ка банимайдзæнæй дæ еугур хуарздзийнæдтæ! Æма кæми нæ кæнунцæ сæ кой – Терки билæбæл цæрæг сахартæ æма гъæути, Силтанухъи будурти; Ирæф, Уорсдон, Æрæдони дон; Уæллагири, Тæрсигом, Дигоргом, Курттат æма иннæ кæмтти, Уаза, Хъæреу... Кæми нæ загътонцæ гагидæуттæ дæ цæрæнбони туххæй Ири ковæг лæгтæ. Куд сæрустур фæуун, уонæмæ игъосгæй.

Нæййес кæрон дæ кадæ, дæ намусæн! Еуæй-еу хатт дæубæл сагъæс кæнгæй, мæ зæрдæ цийнæй уотæ байдзаг уй, æма зарун райдайун. Гъо, гъо, зарун! Уотемæй ба фæрсагæ кæнун дæр нæ зонун, æнæуой зарун, кафун... Етæ æнцон æнцæ, фал ци нæ бакæнинæ дæу туххæй, дæу амонд, дæу æнцондзийнадæ, дæ сабур цард, дæ рæсугъд медбилтихудти сæрбæлтау...

Еци устур æнкъарæн мæ зæрди ку райгурдæй, уæдæй нурмæ мæ еугур цард дæр аразун уотæ, цæмæй дæ зæрдихудти мацæмæй бацæуон, мæн туххæй дæмæ æфхуæрд нæ, фал уайдзæф дæр макæд æрхауа, мæ коймæ къæндзæстугæй дæ сæр макæд æруадзай. Мæ гъуддæгутæ, мæ куститæ, мæ миутæй архайдтон, цæмæй ми ду сæрустур уай, цæмæй дæмæ мæ бон уа кæддæриддæр кæдзос цæсгонæй комкоммæ бакæсун.

Зонун дин дæ фаутæ дæр, дæ аййеппитæ, дæ лæмæгъдзийнæдтæ... Мæхебæл дин бавзарун дæ рæдудтитæ... фал дæбæл уони туххæй, кедæрти хузæн мæ зæрдæ нæ иссæййевдзæнæн. Некæд!

Куд нæ адтæй уæззау фæлварæнтæ мæ цардвæндагбæл дæр, кæд æма мах фæлтæрæн æлгъист адтæй нæ догæ. Фал дæбæл ку гъуди кодтон, мæ цæститæбæл дæ сорæт ку рауайидæ, уæд ниффæразинæ цийфæнди зинтæн дæр. Е нæ, фал бабæй ме 'уæнгтæ банкъардтонцæ нæуæг хъауритæ, нифс...

Хуæрзæригонæй, тугъдон уæззау нæдтæбæл æдонугæй ку мардтæн, мæ билтæ фурсорæй ку нискъудтæ уиуонцæ, уæлдæф мин ку нæбал фагæ кодта, зинги хузæн мин содзгæ думгæ мæ хъауритæ ку æхгæдта, уæддæр имистон дæу. Кенæ уæхæн æверхъау хузæ: æрдæгмардæй, мæлæти цъухæй нæхе расайæ-басайæ кæнгæй, туххæй лæсæн, бурæн киудтитæ кæнгæй, еци æнæкæрон нæдтæбæл. Фæллад, стонг, æнæхуссæг... Нæбал æй нæ бон, æрхауæн, исистæн, кæрæдзебæл ниххуæцæн æма бабæй цæуæн... Нæййес нин æнæцæугæ – кенæдта мæлæт... Æма уотæ – цæуæн-цæуæн еу усмæ ку рафунæй дæн, уæддæр мæ фуни рауидтон дæу!

Макæд маке бавзарæд, стонг Фал бабæй дæ ном нимайгæй бауораминæ мæхе.

Берæ ма адтæй мæ царди уæхæн фæлварæнтæ, никки зиндæртæ. Æма, кæд бафæразтон, кæд мæ цæсгон кæдзосæй багъæуай кодтон, уæд айдагъдæр дæуу фæрци, дæ зæрдиххудт, дæ фаудæй тæрсгæй. Фал, кæд мæ царди дæргъи ескæд минкъийдæр хуарзæй ести исаразтон, уæд уой ци 'й, уой. Æз æй бавзурстон. Не 'знæгтæ нæбæл ку æрхъола 'нцæ, уæд ме 'мбæлттæй кадæртæ нæ бафæразтонцæ, судæй мæлгæй феронх кодтонцæ лæги ном æма сæ сæрмæ хастонцæ гъæддаг сирдти миутæ... Æз бафæразтон, уомæн æма ду мæ зæрди адтæ.

Тугъди фæсте дæр, ци адтæй, е адтæй. Еууæхæни бафæндæ кодтон ме 'мзæнхонтæн ести хуарздзийнадæ исаразун, цæмæй фæррæуæгдæр уа сæ цард, фæмминкъийдæр уонцæ сæ гъезæмæрттæ, сæ маст. Зудтон æй, ци æма куд кæнун гъæуй уой. Фал... Макæд маке растауæд æхецæй, æнæ адæмæй, æнæ фæххуæцæгæй уотитæ æма атитæ ракæндзæнæн, зæгъгæ. Æз дæр уотæ, ци мæ бон адтæй еунæгæй? Æма райдæдтон зелун. Хеуонтæ, хæлæрттæ, зонгитæ, синхæгтæ, агъазгъон лæгтæ, бæрзонд бунæтти бадæг «пахампартæ», бæрнон фæлитойтæ... Ке къæсæрæй нæ бакастæн, кæмæ нæ финстон... Табу, лигъстæ... Гъо, гъо, æз цитæ бавзурстон... Гъо, адтæй лæдæргутæ дæр, фæлмæнзæрдæ, æнæхийнæй мæ фарсмæ ка 'рбалæудтæй. Адтæй зæрдиагæй агъазгæнгутæ дæр. Фал фулдæр – æфхуæргутæ, æгадæй соргутæ, сауæнгæ æртхъерæнгæнгутæ дæр. Цитæ ба мин нæ дзурдтонцæ, цæмæйти мæ нæ фудгин кодтонцæ, куд мæбæл худтæнгæ билæскъелæй, куд мæбæл айуан кодтонцæ æнæнвæрсонæй, еци цубурхъур, цубурзунд некетæ!

Куййæй æгадæдæр æркастæн мæхемæ, мæ маст рæдувта, нæбал цудæй мæ медæгæ, мæ зунд фæттар æй æма загътон: гъæуама син аллифудтæ никкалон, гъæуама син ести фидбилиз исарæзон, – уомæн берæ зунд æма устур хъаурæ нæ гъудæй. Еуæй-еу хатт исфæндæ кодтон мæ гъуддаг ниуудзунмæ дæр.

## ЗÆРДÆБЫНÆЙ СОМЫГÆНÆГ ЙÆ СОМЫ РÆСТУДÆЙ ÆХХÆСТ КÆНЫ!..



**КОЧЫСАТЫ МУХАРБЕГ (1920-1944) поэт, Устур Фидибæстон тугъди хъæзауатон**

### ФЫДЫБÆСТÆ

Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц
Йæ бинонтæ, йæ мад!
Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййы
Йæ рæзгæ бонты цард!
Фæлæ уæддæр, ныййарæг зæхх,
Дæуæн æмбал кæм и!
Дæуæй зæрдæйæн адджындæр,
Зæгъ-ма мын, чи у, чи?!
Нæ урс хæхтæ, нæ тар хъæдтæ,
Нæ хъал дæтты хъæлæс,
Нæ зад хуымтæ, нæ быдыртæ,
Нæ дидинæгджын фæз,
Кæм хъæздыгæн æз сабийæ,
Кæм рæзыдтæн æдас, –
Мыггагмæ дæр сымахимæ
Мæ зæрдæ баст у, баст.

Нæ фыдæлтæ сæ хъарм тугæй
Дæу балхæдтой, мæ зæхх,
Нæ бæркадджын фæллойæ дæ
Ысбуц кодтам дзæбæх.
Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд,
Фыдыбæстæ, дæуæй
Мæнæн зынаргъдæр, адджындæр
Нæ уыдис æмæ нæй.
Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр
Ыстыр ныфс у лæгæн.
У суанг дæ сыгъдæг уæлдæф дæр
Æвдадзы хос мæнæн.
Æмæ дæ никуы ратдзынæн
Ызнагæн, зон уый ды.
Фæлтау мæлæт ыссардзынæн
Дæ сæрвæлтау хæсты!

*1942*

**Финсæг, тæлмацгæнæг, революцион архайæг Барахъти Фадей фурт Гиной райгурдбæл 19 феврали æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1890-1937). Æ ном абони хæссуй æ райгурæн Алагири гъæунгтæй еу.**

***дзаумæуттæ, хуайраг, лæвæрттæ æма арфити хæццæ финстæгутæ. Еци дзаумæуттæ æрвист æрцæудзæнæнцæ сæрмагонд æфсæддон операци кæми цæуй, уордæмæ, уæдта уоми ка фæццæф æй, еци æфсæддонтæ сæхе кæми дзæбæх кæнунцæ, еци сæйгæдæнттæмæ.***

туххæй дæр дæуæй дæн арфиаг – ду мин лæвардтай хъаурæ æма нифс.

Гъе, уотæ алкæддæр: ку истухсун мæ цардæй, кенæ естæмæй цийнæйдзаг ку фæуун – мæ хæццæ æй дæ ном. Сауæнгæ ескумæ æцæгæлон бæстæмæ рафтудтæн, уæддæр мæмæ уотæ фæккæсуй, цума мæ уинис циуавæрдæр арви айдæнæй, æвзарис мин мæ гъуддæгутæ, мæ миутæ, æма æз дæр никки хъæбæрдæр архайун дæу аккаг унбæл. Архайун æма, дæ уиндæмæ бæлгæй, нимайун бæнттæ, сахæттæ...

Ку раздæхун, уæдта? Ду æй цæмæй зонис, мæ зæрдæ куд искафуй мæ реуи, куд райдзаг уй цийнæй, ку дæ рауинун, уæд. Æма куд рæсугъд фæууис цийфæнди афони дæр! Мæнæ метгун зумæги думгæ рæуæг тъæфилттæ радавæ-бадавæ кæнуй, ранихæсуй дæ цæстити тъæфæлттæбæл, ду сæ нæ сæрфис... Кенæ ралæудтæй уалдзæг, рацудæй карз уарун, дон лæсæнтæ кæнуй дæ бауæрбæл. Ду имæ еци æхцæуæнæй, дæ медбилти ходгæй, дæхе бадарис никкидæр æма никкидæр! Дæ реуидзаг арф ниууолæфис, де 'уæнгтæ райвазис, дæ цийнæйдзаг цæстингас арвмæ исаразис, цума Хуцауæн арфæ фæккæнис. Æз ба, дæумæ кæсгæй фæдздзорун мæхенимæр:

– Гъо, арфæ кæнун, Ме 'Скæнæг, дæу мин ка равардта! Нæ адтæй, нæййес æма нæ уодзæнæй а дуйнебæл неци, дæуæй хъазардæр мин ка уидæ!

Уотæ дæ цæраййæй цæрун. Цæрун æма сосæггай мæхе рæвдаун, еуминкъий дæ уæддæр гъæун, зæгъгæ. Ка 'й зонуй, рæдуйун, мæхе сайун... Фал уотæ ку нæбал гъуди кæнон, уæд ма цæмæн уодзæнæй мæ цард? Баруагæс ди уæд, нецæмæн. Мæн цард гъæуй айдагъдæр дæ хæццæ! Дæ кой, дæ уиндæ – мæ царди цийнæ! Ме 'стурдæр гъудитæ – дæубæл! Уарзун дæ! Æма нæййес еци уарзтæн фæмминæгдæр, фæмминкъийдæргæнæн. Нæййес! Айдагъдæр æй зæгъун нæ зонун. Уогæ, нæййес радзорæн, исхузæ кæнæн, ниффинсæн еци æнкъарæнтæн. Уони бавзарун гъæуй! Бæргæ, уæхæн мæлгъæвзаг ку уайнæ, уæхæн арфзунд мин ку равардтайдæ Хуцау, фал... нæййес.

Æнæуой некæмæ хицæ кæнун зæнхæбæл, нæдæр гъæздугдзийнадæ, нæдæр кадæхæссæг æрттевагæ хуæрзеугутæ, нæдæр сæрустур уни бардæттæг уæлахезтæ, бæрзонд бунæттæ, цинтæ... Гъо, етæ дæр гъæунцæ, фал мæн гъæунцæ айдагъдæр уой туххæй, цæмæй си дæу зæрдæ балхæнон, дæу æнгас си раздахон мæхемæ. Ци хъал æй, ду кæмæ фæхходис, дæ хуарзæнхæй ке фæххайгин кæнис! Ци хъал уодзæнæй, ескæд бони ду кæмæй зæгъдзæнæн, мæн æй, зæгъгæ! Ду ке исаккаг кæндзæнæ дæхецæн æма ке нихъхъури кæндзæнæ дæ гъар гъæбеси! Тæходуй, дæ зари ку ракæнисæ мæ кой, дæ гъарæнги ку райгъусидæ мæ ном!

Гъæйдæ, æз дæр мæхе Хуцауи евгед кæнун! Е куд зæгъа, уотæ! Айдагъдæр мин ду дзæбæх уо, федар лæуууæ! Уомæн, æма ду федар ку нæ уай, уæд æз дæр æдух дæн. Дæумæ маст ку уа, уæд æз дæр – мæстæйдзаг. Некæд адтæй æма нур дæр нæй мæ бон уазал цæстæй кæсун дæ сагъæс, дæ зиндзийнадæмæ. Нæ уарзун хъурмæ кæнун, фал дæ гъарæнгæ, дæ сау мароймæ нæ уорамун мæхе, æнæфсæрмæй фæккæун, гъулæггагæн, уæхæн фудбæнттæ дæр фæууй. Фал бабæй уæддæр уæлахез кæнуй цард! Гъема цæрæ! Цæрæ кадæ æма ради хæццæ! Цийнæ кænæ, игъæлдзæгæй æрветæ дæ бонтæ! Уæлахез уо алли гъуддаги дæр!

Фал дæ кæд ескæд еу хатт дæ амондæй райевдæла, уæд æргъуди кæнæ мæн дæр. Хуæрзбон! Абони æргомдзурд дæн, фиццаг æма фæстаг хатт, æма 'й зæгъун, уадзæ æма еугурæй дæр æй зононцæ дæ кæдзос, дæ кадгин ном, мæ хъазар, ке некæд некæбæл баййевдзæнæн, еци уарзон.

Мæ Райгурæн бæстæ!..

***2005 анз.***

* * *

*Темирати Давиди зæрдтагон гъудитæмæ гæсгæ ма ракæндзинан еу, уой æ рæстæги ниффинста зундгонд рохситауæг Болай-фурт, мухур ба 'й кæнæн Хъодзати Æхсари киунугæ «Дæ цæрайæ цардтæн...»-æй.*

## РАЙГУРÆН БÆСТÆ

Уæрæсей паддзах Кавкази хуæнхон адæмти Туркмæ тæрун ку байдæдта, уæд еци æверхъау бæлахи бахаудтæй Сафар дæр. Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ин бантæстæй æ райгурæн бæстæ бабæрæг кæнун. Æрфусун кодта Къорай е 'мбал Урусханмæ. Хæдзарæ адтæй хонхи риндзæбæл цæугæдони сæрмæ.

Еууæхæни минкъий сабийтæ уой фалдзости куд гъазтонцæ, уотемæй Сафари рауидтонцæ. Е бадтæй сæргубурæй. Æ цæстингас исаразта, минкъийæй е 'мгæртти хæццæ ци къохи гъазиуонцæ, уордæмæ. Æ ростæбæл цæстисугтæ гæр-гæрæй уадæнцæ. Биццеутæ 'й æрæстæфтæнцæ, зæгъгæ, уой ку рауидта, уæд фестъæлфтæй, тумбулкъохæй æ цæстисугтæ расæрфта, уæдта дзоруй сабийтæмæ:

– Сувæллон минкъийæй ци фæууина, ци бавзара, уони фемисуй æ цард-цæрæнбонти. Турки мæ гъуддæгутæ лæгъуз нæ цæунцæ, фал алли 'хсæвæ дæр мæ фуни уинун, ме 'мбæлтти хæццæ уартæ еци къохи куд гъазтан, уой. Райгурæн бæстæн æмбал нæййес а дуйнетæбæл... Æз æрбацудтæн мæ уарзон къох фæууинунмæ. Нур ба мæ нæуæгæй æздæхун багъæудзæнæй æцæгæлон бæстæмæ...

Еци дзурдти фæсте бабæй лæгæн æ ростæбæл æ цæстисугтæ æрæгъзалдæнцæ.

– Мæ кизгæ мин лигъстæ кодта, – æ дзубанди райзолдæр кодта лæг. – Уорсдонæй, дан мин, дор æрбаласæ. Æма ин фæлласдзæнæн. Дор – нæ райгурæн хуæнхти минкъий къæртт – мæ кизгæ ибæл куд цийнæ кæндзæнæй, е мæ цæститæбæл уайуй. Æфснайдæй æй дардзæнæй, цикорай фæрдуги хузæн...

## НÆ ЕУГУРАДÆМОН ИХÆС




# НÆ УÆЛАХЕЗИ БÆРÆГБОН НИН УÆЛДАЙ ЦИТГИЙНАГ ÆЙ!..

Аци анз нæ дзиллæн уæлдай цитгийнаг æй – цуппаринсæй анзи æнхæст кæнуй нæ Цитгин Уæлахезбæл. Аци цау цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уомæн бæлвурд æвдесæн æй е дæр, æма 2025 анз Уæрæсей Президент **Владимир Путини** сæрмагонд унаффæй нимад цæуй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл.

Цитгин Уæлахези бæрæгбон кадгинæй исбæрæг кæнуни нисанеуæгæй, куд нæ бæсти еугур рауæнти дæр, уотæ Цæгат Иристони дæр арæзт æрцудæй æма архайуй организацион комитет «Уæлахез». Рæстæгæй-рæстæгмæ арæзт æрцæунцæ æмбурдтæ, æрдзубанди си кæнунцæ, нерæнгæ арæзт ци 'рцудæй æма ма идарддæр дæр æнæмæнгæ ци гъуддæгутæ исæнхæст кæнуйнаг æнцæ, уонæбæл.

Æрæги бабæй адтæй комитети кезуй æмбурд. Разамунд ин лæвардта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй Устур Фидибæстон тугъди уæлахези 80 анзи бæрæгбони, Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзи кадæн зæрдæбæлдаруйнаг гъуддæгути ахедундзийнадæ агъазиау æй, æма сæ исæнхæст кæнунбæл уæлдай æновудæй байархайун гъæуй. Æ загъдмæ гæсгæ Уæлахези 80 анзей кадæн цитгингæнæн мадзæлттæбæл архайд нуриуæнгæ цæуй, хæстæгдæр рæстæги ба бæлвурдгонд æрцæудзæнæй юбилейон æмбурдтæ æма акцити номхигъд.

Уæлахези бони кадæн республики ци мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæй, уой туххæй радзубанди кодта Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ**. Куд фегъосун кодта, уотемæй бæрæгбони кадæн æмбурдтæ æма æндæр дзиллон акцитæ арæзт цæудзæнæнцæ анзи дæргъи дæр. Алли министрадтæ æма ведомствити фæндæй пъланмæ хаст æрцудæнцæ кадгин, номерæн-саударæн, зонадонрохситауæн æма берæ æндæр уæхæн мадзæлттæ. Республики цæргутæ архайдзæнæнцæ, куд регионалон, уотæ еугуруæрæсеуон акцити дæр. Бæрæгбони пъланмæ хаст æрцудæнцæ 150 аллихузон дзиллон мадзали æма акций.

Æфсæддон парад, акцитæ «Æнæмæлгæ полк», «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ», «Геуæргийи лентъæ», «Уæлахези нæдтæ» æма «Намуси вахтæ», равдиститæ, зонадон æма литературон конференцитæ, тугъдон зарти конкурстæ, Лæгдзийнади уроктæ, æфсæддон-спортивон гъæзтитæ «Уæлахез» æма «Зарница» – аци æма иннæ цæмæдесаг акцитæбæл нуртæккæ косунцæ профилон ведомствити минæвæрттæ.

Сæрмагонд æргом æздæхт æрцæудзæнæй Устур Фæдибæстон тугъди бæгъатæрти номерæн циртдзæвæнтæ æма æдзард тугъдонти Æнсувæрон циртити уавæрмæ – уонæми еумæйаг хъауритæй базелдзæнæнцæ бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ, фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Комитет æма бархеуонти еугæндтæ. Уæхæн фæтки бундорбæл бæлвурд ихæстæ бакодтонцæ ахурадæ æма наукити, культури министрадти, мухур æма дзиллон коммуникцити гъуддæгути фæдбæл Комитет æма иннæ ведомствити бæрни.

Бæрæгбонмæ аккаг хузи бацæттæ кæнуни фæдбæл æмбурди радзубанди кодтонцæ æма фæндитæ бахастонцæ 58-аг æфсади командæгæнæги хуæдæййевæги ихæстæ æнхæстгæнæг **Александр Неофидов**, Цæгат Иристони Сæргълæууæги унаффæгæнæг **Бокоти Эльбрус**, Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций æма хецаудзийнади иннæ структурити минæвæрттæ.

Æмбурди кæронбæттæни Сергей Меняйло, бæрæгбони мадзæлтти пълани ахедундзийнадæ фæббæрæг кæнгæй, еугур бæрнон косгутæн дæр бафæдзахста, цæмæй Уæлахези 80 анзей юбилеймæ цæттæдзийнади фарстатæ æнхæст кæнунмæ уа бæрнонæй-бæрнондæр цæстдард.

* * *

Аци хабар нин фегъосун кодта нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ. Мах ба имæ уой бафтауйнаг ан, æма Цитгин Уæлахези кадæн æрмæгутæ, куд нуриуæнгæ, уотæ идарддæр дæр мухургонд цæудзæнæнцæ. Сæрмагондæй мухургонд цæудзæнæнцæ æрмæгутæ, Уæрæсей аци анз Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл нимад ке цæуй, уой фæдбæл дæр.

## СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




**Зундгонд æфсæддон архайæг, инæлар-майор Цæликкати Хъасболати фурт Джабраили райгурдбæл 17 феврали æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1925-2012). Æвæрд æй Санкт-Петербурги уæлмæрдти еуемæн æ пусулмон хайии.**

*МИСИККАТИ Анатолий, афгайнаг тугъди архайæг: «Еци бæсти тугъдмæ бахаудтæн æстдæсанздзуд лæхъуæнæй, адтæн æсгарæг батальони... Еу тугъдон цауи рæстæг уæззау фæццæф дæн, туххæй-фудти ма райервазтæн, фал мин уæддæр мæ еу къах ба лухгæнгæ рауадæй...*



# ÆМА ИССÆЙ ЦÆГОЛ-АХМАТ МАЛАНГИ БАТАЛЬОНИ ТÆККÆ ЦИТГИНДÆР ИУАЗÆГ!..

***Афганистани тугъди ка архайдта æма устур лæгдзийнадæ ка бавдиста уонæй еу – ЦÆГОЛТИ Македони фурт Ким (1930-2015), зундгонд æхсæнадон æма наукон архайæг, инæлар-майор, философон наукити доктор. Цæголти Кимæн ци бантæстæй, етæ кæд устур уадзимисти аккаг адтæнцæ, уæддæр æ рæстæги ин æ кой æгириддæр нæ кодтонцæ – æ архайди медесмæ ин гъæргæнæн нæ адтæй. Фал уой туххæй финсунæн фадуат куддæр фæцæй, уотæ ибæл берæ финст æрцудæй. Журнал «Наш современник» 1984 анзи фиццаг номери ниммухур кодта Юрий Теплови документалон очерк «В горах Афганистана». Уоми дзубанди цæуй Цæгол-Ахмати туххæй дæр. Е æй Цæголти Кими фæсномуг. Советон æфсади советник уогæй, Цæголи-фурт цалдæр хатти уидæ тугъди цæхæри, адтæй нифсхаст, æндиуд, берæ ка зудта, уæхæн ахургонд æма тугъдон. Дæлдæр мухур кæнæн еци очеркæй еу скъуддзаг.***

Нерæнгæ дæр ма мæ цæститæ рази æй еци уиндгун адæймаги сорæт. Бæрзонд къæдзæхтæ æма устур дорти рази – саухелæ, саузакъæгин, фусдзармæй худ, æнæдус кæрцæ ибæл, автомат æма деденæг æ къохи – уотемæй нигъгъуди кодтон Маланги. Уогæ ’й уой фæсте ма фæууидтон æнæ закъæй, æ цæсгон адтæй æвеппайди æригондæрхуз...

Фал Малангбæл ниффинсæн нæййес, цалинмæ æндæр адæймаг, Афганистани истори æма Хъуран хъæбæр хуарз ка зудта, уæхæн афицери туххæй радзорæн, уæдмæ. Уогæ еци гъуддаг дæр уотæ æнцонтæй нæй, уомæн æма еци адæймагæн æ ном æргомæй исгъæр кæнун не ’нгъизтæй, сосæггаг адтæй, æма уомæ гæсгæ ба ’й исхудтан Цæгол-Ахмат.

... Ралæудтæй январь, фæлмæн æма метгун. Цæгол-Ахмат рагъуди кодта, бонихатт душманти аккаг нæй, метбæл алли дзæф дæр бæрæг æй, хуæнхти ба тæссаг æй зæйæ рацæунæй. Æма, æвæдзи, сæхе бал ести цъаси нилхъивтонцæ.

Адæм æмбурд кодтонцæ митингмæ. Цæгол-Ахмат си еуетæмæ æрæстæфтæй тохæнгæрзтæ сæ хъæппæлти буни. Митингмæ æрæмбурд æнцæ цуппар кишлаки цæрæг адæм: Удхиль, Кабильбай, Базухейль æма Тул-Санги.

– Æмбæлттæ! – райдæдта Цæгол-Ахмат. Уинетæ ’й, махмæ ес хъаурæ, – æма бавдиста афгайнаг Æфсади батальонмæ. – Фал мах нæ фæндуй тохун. Мах нæ фæндуй айдагъ сумах тог калун нæ, фал ма уæ хæстæгути, уæдта, сæхе хуæнхти ка римæхсуй, уони...

Куд бауæндун кæна аци адæми, æ къохи газет ка некæд дардта, Апърели революци уони туххæй арæзт ке ’рцудæй, уой?

Æма райдæдта Хъуранæй кæсун сурæ, кæций дзурд цудæй адæмуарзондзийнади туххæй.

Еу фæккасти æ цæститæ фенгæс æнцæ æригон адæймагмæ, кæци лæудтæй хестæрти ’хсæн. Саузакъæгин, æ дзиккотæ усхъити уæнгæ, тохæнгæрзтæ ибæл ауигъд. Митинги фæсте Цæгол-Ахмат бафарста хестæрти, еци лæг ка адтæй, зæгъгæ, æма нæ бадес кодта, ку фегъуста:

– Маланг.

Маланг адтæй, æ банди карз æгъдау ниввæрун ка базудта, уæхæн бæгъатæр сæргълæууæг. Æфсадæй дæр нæ фæттарстæй, уотемæй æрбацудæй митингмæ æма сабургай фæстæмæ рандæ ’й.

– Æ хæццæ мæ фембæлун фæндуй, – загъта Цæгол-Ахмат.

– Мах ин фегъосун кæндзинан.

Фембæлдмæ Маланг не ’рбацудæй. «Митинги æй ахæссун гъудæй», – уотæ сагъæс кодта Цæгол-Ахмат.

Гъуддаг уотæ рауадæй æма имæ Маланг æхуæдæг æрбацудæй æ гъæуайгæси хæццæ.

– Тæссаг дин æй, – дзоруй имæ Цæгол-Ахмат.

– Дæуæн дæр, – загъта Маланг æма райамудта æ гъæуайгæнæгмæ.

– Æ тохæнгарз рандæ кæнæд, кенæдта нæ дзубанди нæ рауайдзæнæй, – загъта Цæгол-Ахмат.

Гъæуайгæс æ тохæнгарз рандæ кодта. Цæгол-Ахмат дæр æ дамбаца стъолбæл æрæвардта.

– Цал адæймаги ес дæ баргъони?

– Æртæсæдæ.

– Ма сайæ. Дууæсæдемæй минкъий фулдæр.

– Уалдзæги уодзинан фулдæр.

– Цæбæл тохис, Маланг? Гульбеддинмæ нийгъустай?

– Нæгъ. Æз мæхе надбæл цæун.

– Мадта адæми сабур цæрун цæмæннæ уадзис? Аци нæуæг æййивддзийнæдтæ лæгъуз æнцæ адæмæн?

– Гъе уобæл радзорунмæ æрбацудтæн. Фæндуй мæ базонун, кæбæл æууæндгæ ’й?

– Æфсæддон скъола каст кæми фæдтæ?

– Пешавари. Ахур мæ кодтонцæ американ æма египетаг инструктортæ.

Уотемæй фæдздзурдтонцæ еу-дууæ сахатти. Маланг иситадæй, кабинетбæл æрзилдæй, уæдта загъта:

– Нæхемæ дæ хонун, устурдæр дзубандий туххæй. Нæ тæрсис?..

Аци радзурди автор Цæгол-Ахмат æма Маланги хæццæ ку фæййеу æй, уой размæ базонгæй ’й цалдæр æрмæгей хæццæ, дзурд си цудæй «ислам гъæуайгæнгути» къуæрттæбæл.

Уогæ ба адтæнцæ финддæсæй инсæйи уалæнгæ. Еу си хундтæй ИПА, «Афганистани ислаймаг парти», æ сæргълæууæг Хекматиар Гульбеддин. Иннæ уæхæн Сайед Ахмад Гейлани – «Афганистани ислаймаг революций националон фронт»-и (НФИПН) раздзæуæг. Берæ уæхæн къуæрттæ ма си адтæй, еу инней ранихъуæрунмæ гъавта, цæмæй гахгундæр хай фæсокеани къерейæй уой фæууа.

Еци фæсокеани къере, сæдæ миллион доллæрей аргъ, адтæй еци устур хъаурæ, кæци еу кодта еци къуæртти. Сæ фулдæр еци къуæртти сæргълæугутæ адтæнцæ бонгинти фурттæ, кæцитæн Апърели революци райста сæ гъæздугдзийнæдтæ æма сæ бартæ.

Фал сæ баргъони ка адтæй, æма хуæнхти сæхе ка римахста, уонæн ба сæ фулдæр барвæндæй нæ бахаудтæнцæ еци къуæрттæмæ.

Æвæндонæй бандит ка ’ссæй, уони ’хсæн дæр берæ адтæй уæхæнттæ, æма нæ лæдæрдтæнцæ, кæми ’й рæстдзийнадæ æма æцæгдзийнадæ, уой.

Еци адæми хæццæ адтæй Маланг дæр.

Цæгол-Ахмат æ афицери формæ раййивта, искодта халат, чалма æма ранæхстæр æй еу къуарей хæццæ фембæлдмæ. Душмантæбæл исæмбæлунмæ тæссаг адтæй, фал уæдмæ идардæй нади кæронæй рауидтонцæ Маланги...

Берæ гурусхити фæсте Маланг нæуæг хецаудзийнади фарс æрлæудтæй. Æма еунæг е на ’дтæй. Еци рæстæги сæйраг сахари цудæй джирга-съезд, уордæмæ ’рцудæнцæ бандитти раздæри раздзæугутæ. 165 адæймаги æрбацудæй съездмæ. Æргомæй басастæнцæ сæ рæдудтитæбæл, æма дзурдтонцæ, сæ фудмиутæ куд исраст кæнонцæ сæ райгурæн бæсти рази, уобæл.

Куд хæстæгдæр зонгæ кæнай аци адæми царди хабæртти хæццæ, уотæ дæмæ хъæбæрдæр багъардзæнæй, куд зин лæдæрæн син адтæй еци уавæр. Уотæ 28-анздзуд Насруллайæн дæр.

Насрулла адтæй хазайрæгти раздзæуæги фурт. Фæцæй каст лицей сахар Мазари-Шарифи. Æ уæле европаг костюм, æндегæй ба ибæл кæрдæгхуз халат... Автор куд зæгъуй, уотемæй имæ раттуйнаг адтæй дууæ фарстай. Цæмæн исистун кодта æ адæми нæуæг хецаудзийнади нихмæ (инсæй мин адæймаги), уæдта ’й циуавæр хъаурæ балимæн кодта нæуæг цардиуаги хæццæ? Фал куд разиндтæй, уотемæй тæккæ хумæтæг фарстатæбæл дæр, еуæй-еу хатт уотæ æнцон дзуапп раттæн нæ фæууй. Нæуæг цард райгуруй хъурдохæнгæнгæй. Æма мадæн цийфæнди зин ку фæууй, уæддæр æ къохтæ алкæддæр байвазуй æ сувæллонмæ. Уотæ мадæ – республикæ дæр райвазта æ къохтæ æ сувæллæнттæмæ, æ райгурæн зæнхи фæлмæнадæ ка нæ феронх кодта, æма е æвдесуй, сæ меддуйне куд раййивта, уой дæр.

Æрхæссун æнгъезуй цалдæр дæнцæги. Кæстæр лейтенант Мамат Саден:

– Мах кишлакмæ ’рбацæуиуонцæ душмантæ. Мæ ниййергути мин фæннадтонцæ, нæ мæнæуæ нин райстонцæ. Сæ хæццæ райстонцæ нæ хуæрифурти. Æз тохдзæнæн революций сæрбæлтау.

Сержант Ашур:

– Æз дæн Бадахманæй. Службæ кæндзæнæн æфсади, цалинмæ Афганистани сабурдзийнадæ æрфедар уа, уæдмæ.

Уæхæн зингæ æййивддзийнадæ адæми меддуйней сабур нæ уагъта контрреволюций сæргълæугути, фулдæр ба æ исæзмæнтæги.

Æ сæйрагдæр æзмæнтæг ба – Рейгани администраци.

Дзæгъæли – хумæтæги нæ бабарæг кодта АЕШ-и паддзахадон секретарь Шульц, афгайнаг контрреволюцион лагертæ Пешавари бунмæ æма син загъта: «Мах сумах хæццæ ан». Пешавари лагертæ ма бабæрæг кодта Пентагони шеф Уайнбергер.

Е уобæл дзорæг æй, æма марунбæл, рæмодзунбæл æма æндæр фудмиутæ кæнунбæл еци лагерти, ка си адтæй, уони ахур кодтонцæ американ инструктортæ. Еци Насрулла æма æндæр уæхæнттæ джирги архайгутæ æфсæддон дæсни-дзийнадæ райстонцæ Пешавари бунмæ уони хъиамæттæ æма берæ æхцатæй неци рауадæй, куд фæззæгъунцæ, «плакали денежки», фæсокеани минæвæрттæ еци лагерти ци бахарз кодтонцæ, етæ син фæддздзæгъæли ’нцæ. Сæ харз ба минкъий на ’дтæй. Еумæ, еци фæсокеани къере ка фунхта, етæ исхарз кодтонцæ, американ газетти куд финстонцæ, уотемæй миллиард доллæри. Фал ци бацæй Маланг? Куд рауадæй æ хъисмæт?

Фæстаг хатт ма ’й автор фæуидта афгайнаг æфсади капитани дарæси. Æнæ бецъотæй æма цубур æлвид сæригъунтæй, уотемæй цума еу-дæс анзи кæстæрхуз зиндтæй. Революций идеалтæ æ зæрдæмæ хæстæг райсгæй, æ фарс ислæудтæй, æ адæми хæццæ, æма тох кодта контрреволюций тухти нихмæ. Цæгол-Ахмат ба иссæй тæккæ цитгиндæр иуазæг Маланги батальони.



ЦÆГОЛТИ Ким (астæуæй) Афганистани.



***Афгани тугъди не ’мзæнхонтæй архайгæ кæмæн рауадæй, уонæй адтæнцæ зилгæйæгтæ Дзгойти Валерий æма Борухъуати Елæмæрза. Сæ еу, куд æфсæддон, уотæ хъазауатонæй тох кодта Афганистани нæуæг цардарæзти знæгти нихмæ, Борухъуай-фурт куд дохтир, æвæллайæй ерæзун кодта нæ цæф тугъдонти. Аци къарæ ист æрцудæй цалдæр анзей размæ – запаси майор Дзгой-фурт (галеуæрдигæй) Афганистани тугъди ветеранти Уæрæсейаг Цæдеси номæй майдан «Æскъуæлхтдзийнæдти туххæй» дæттуй Борухъуай-фуртæн.***

***Аци дууæ æхсаргин адæймагей тухххæй сæрмагондæй радзоруйнаг ан. Абони ба мухур кæнæн, Борухъуати Елæмæрзай Афганистани уогæй ци бонуг финста, уомæй хецæн скъуддзæгтæ.***

# АФГАЙНАГ БОНУГ

Нæ хуæдтæхæг сæуми 11 сахаттебæл æрбадтæй Кабули. **1981 анз. 5 август.** Ме ’мбал Владимир Шевченко æма мæн нæ бийнойнæгти хæццæ ’рцæрун кодтонцæ фондзуæладзугон хæдзари фондзуатон фатери.

Æхсæви сахари кæрæнттæй игъустæнцæ гæрæхтæ.

Хæдзари бацæуæни кæрæдзей æййевгæй лæуунцæ гæрзефтонг гъæуайгæнгутæ.

Æхсæви сахари алли кæрæнттæй игъусунцæ гæрæхтæ.

**6 август.** Базонгæ ан нæ минæвайради æма Экономикон бастдзийнæдти паддзахадон комитети косгути хæццæ.

**7 август.** Адтан Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради. Райстан мизд (афгантæй).

**8 август.** Кусти фиццаг бон. Базонгæ дæн президенти хæццæ – ами уотæ хонунцæ госпитæли сæйраг дохтири. Госпитæли нæййес стæги сæститæ дзæбæхгæнæн хайадæ. Дохтирти æмбурди фарста æрæвардтон уæхæн хайадæ æвæстеуатæй байгон кæнуни тухххæй. Мæ хæццæ исарази ’нцæ.

**9 август.** Абони мæмæ консультацимæ ’рбакодтонцæ æртæ сæйги. Уой фæсте исбæрæг кодтон операцигæнæн уати косæн дзаумæуттæ. Хъæбæр æвадуат æй бæрæ цæмæйдæрти. Рандæ дæн госпитæли скъладмæ. Рагацау уордæмæ телефонæй бадзурдтон, косæнгæрзти фæдбæл уæмæ фæццæун, зæгъгæ. Дзуапп мин равардтонцæ:

– Нуртæккæ нин рæстæг нæййес. Фæстæдæр дæмæ нæхуæдтæ фæдздзордзинан. Дууæ сахаттей фæсте мæмæ фæдздзурдтонцæ, фал скълади мæн ци гъудæй, уæхæнæй неци разиндтæй – ме ’рбацудмæ сæ «бафснайдтонцæ».

**10 август.** Æгустæй бадун, мæхецæй æфсæрми кæнун.

Косæн дзаумæуттæй ци нæ фагæ кæнуй, уони иссерунбæл дууæ бони архайун сæйраг скъладмæ рандæ унбæл, фал мин æ косгутæ телефонæй алли рæуæнттæ кæнунцæ.

**11 август.** Абони еу сæйгæн æ саст цонг исæвардтон, бабастон ин æй гипсæй. Гипс сæйгитæ сæхуæдтæ æлхæнунцæ. Рентгени тухххæй дæр æхца федун гъæуй.

Æрæгиау мæ къохи бафтудæй сæйраг афтеки скъладмæ рандæун. Минкъий цидæртæ си разиндтæй. Фал тæккæ ахсгиагдæрæй ци гъæуй, уæхæнæй си неци адтæй. Римæхсунцæ сæ æма сæ гъæздуг сæйгитæн уæйæ кæнунцæ.

**20 август.** Бон рарвистан нæхемæ, косгæ нæ кæнæн. 1919 анзæй фæстæмæ Республики бон бæрæггонд ке цæуй, уомæ гæсгæ.

Фæсарæфтæ карз думгæ кæнун райдæдта, ругæ къæрæзгити зихъиртæй медæмæ ’мпурста. Æндегæй меттумугъи хузæн æй, фал хуæдтæхгутæ уæддæр тæхунцæ, идардæй игъусунцæ бомбити гуппитæ.

**24 август.** Бадæн дохтирти æмбурди. Фæстагмæ фусунтæй еу дохтир рафарста:

– Цыуавæр операцитæ ес абони?

Дзуапп ин неке ма равардта, уотæ æрбайгъустæй уæззау бомби нæрун, зæнхæ нирриззтæй.

– «Операци» райдæдта, – мæстгунæй исдзурдта иннæ афгайнаг дохтир.

Еугурæйдæр æнæбари ниххудтæнцæ.

**30 август.** Операцигæнæн дзаумæуттæ нæййес æма зин косæн æй. Скъладæй ци косæнгæрзтæ рафинстан, уонæн сæ койгæнæг дæр нæййес.

**31 август.** Абони нæ косæн, æй Пуштунистани сæребаради бон.

Британиаг Индий хæццæ 1893 анзи байеу кодтонцæ «хуæдбарæ адæмихæттити», уони хæццæ пуштунти дæр. Нуртæккæ сæ зæнхитæ ’нцæ Пакистани. Индий æма Афганистани ’хсæн нарæг уадздзæгбæл ци хуæнхаг адæмихæттитæ цæрунцæ, уонæмæ нимади нæ адтæнцæ нæдæр британиаг колониалон хецæуттæ, нæдæр афгайнаг эмиртæ, æма тох кодтонцæ сæхе хуæдбарæ паддзахадæ Пуштунистан исаразунбæл. Пакистайнаг-афгайнаг арæнбæл цудæй гæрзефтонг буцæутæ. Уавæр уæлдай карздæр адтæй 1955 æма 1961-1963 æнзти. Уæд Афганистани хъæбæр испарахат æй пакистайнаг пуштунти сæребарадон змæлди фарс æрлæууни гъуди. Уæдæй фæстæмæ бæрæггонд цæуй Пуштунистани бон.

**7 сентябрь.** Æвддæс анземæй финддæс æма инсæй анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еци нæлгоймæгти æфсадмæ фæдздзурдзи бардзурд ке рацудæй, уомæ гæсгæ афгайнаг дохтиртæ æрмæтъæл æнцæ.

**8 сентябрь.** Афгайнаг дохтиртæй цалдæр кустмæ не ’рбацудæнцæ. Ка фæззиндтæй, етæ уотæ мæнгард æма сагъæсхуз æнцæ æма сæ кустæй пайда нæййес. Сæ хæстæгутæй син берети æфсадмæ ракодтонцæ æма нур уони бийнонти хæссун дæр дохтиртæмæ ке кæсуй, уобæл дзорунцæ.

**9 сентябрь.** Афгайнаг дохтиртæ нæмæ кæсунцæ, мæстгун цæстингасæй. Аци бонмæ ци операцитæ иснисан кодтан, уони кæнунмæ дæр мæмæ нæбал бадзурдтонцæ. Ræфтæмæ фæббадтан, цумдтан цай, шахмæттæй гъазтан. Уалинмæ гъæунги автоматти гæрæхтæ исахид æнцæ. Мах нæхемæ цæунмæ фæцæн, фал нæ президенти амундмæ гæсгæ нæ рауагътонцæ. Айдагъдæр гъæунгтæ ку ракæдзос кодтонцæ æртæ гимназей æзмæнтæг ахурдзаутæй, уæд рандæ ан.

**17 сентябрь.** Сахари æзмæнститæ ке не ’нцайунцæ, уомæ гæсгæ нæ гъæуайгæнгути нимæдзæ фæфффулдæр кодтонцæ. Госпитæли дуармæ айразмæ дæр лæудтæй гъæуайгæнгутæ. Нур ба нæ азгъунсти дæр бадуй гæрзефтонг афгайнаг.

**18 сентябрь.** Æхсæви хъæбæр карз гæрæхтæ игъустæй хуæрз хæстæгæй. Гъæунгти танкитæ. Æхсæвæй-бонмæ нæ бафунæй ан, айдагъдæр сæуми цуппар сахаттебæл æзгули басабур æй æма уæд еуминкъий рацъундæ кодтан. Куд исбæрæг æй, уотемæй душмантæ æмпурстонцæ аэропортмæ.

**26 сентябрь.** Равзурстонцæ мæ нæ партион къуари секретарæй æма госпитæли еумæйаг партбюрой иуонгæй.

**28 сентябрь.** Еу сæйгæн исæвардтон Илизарови аппарат. Мæ размæ ’й некема исæвардта, дохтиртæ дæр æма студенттæ дæр имæ кастæнцæ цæмæдесæй, фарстонцæ мæ, куд си пайда кæнун гъæуй, уой тухххæй.

**12 октябрь.** Рæстæг æй сабур, фал абони минæвайради адтæй контракти хестæртæн æмбурд. Бабарæ мин кодтонцæ, цæмæй сæ къуари ци сувæллæнттæ ес, етæ æд мадтæлтæ цæун райдайонцæ Цæдесмæ. Кабули советон специалисттæн ци сувæллæнттæ ес, уони скъоламæ ласун гъæуй автобустæй. Алли автобусæн дæр ес гъæуайгæнгутæ æд тохæнгæрзтæ. Уæдта ма нийййергутæ дæр кезугай фæуунцæ сæ хæццæ.

**Еумæйаг феппайуйнæгтæ кусти фæдбæл.**

Æмбурди унаффæ рахæссæн, мæнæ еци æма еци сæйгитæн абони операци гъæуй, зæгъгæ. Кæсæ æма бабæй уони бæсти æндæрти æрбаласунцæ операцимæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй гъуддаг уой медæгæ ’й, æма бонгиндæр ка ’й, уомæн тагъддæр фæййагъаз кæнунцæ, гъома, æхца фулдæр ка раттуй, е раздæр æрцæуй операцигонд. Æма уотæ кæнунцæ советон дохтирти сосæггай, уомæн æма ’й хуарз зонунцæ, махмæ, Цæдеси уæхæн æгъдау ке нæййес, уой. Советон дохтиртæмæ ба ’рхаунцæ тæккæ уæззаудæр æма мæгурдæр сæйгитæ. Мадта ма син хуæстæ ку байзайидæ, уæд, бæргæ, фал бонгинтæн багъæунцæ. Мæгур сæйгæн цалинмæ æ хæстæгутæ балхæнонцæ хуастæ, кæрдæнтæ, гипс, уæдмæ ин махæн байагъаз кæнунæн амал нæ фæуй.

Хуастæ ’нцæ хъæбæр хъазар.

**21 октябрь.** Еумæйаг донмарæни арæзтади фиццаг дор исæвæруни тухххæй, абони фæдздзурдтонцæ афгайнаг дохтирти хæццæ махмæ дæр. Донмарæн арæзт цæуй æртæ сæйгæдонемæй (тагъд агъази госпитæл, рентгени институт æма реуи хирургий госпитæл). Митинги радзубанди кодта партион косæг. Дзурдта, æнæнездзийнадæ гъæуай кæнунæн аци арæзтадæ цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уой тухххæй. Еу аразæг белæй къиризмæнст исиста æма ’й æ бундори бунати æркодта. Дзубанди ка кодта, е си листæг æхцатæ нигæлста æма сæбæл дор исæвардта, уæдта «Бисмиллагъи рахман æррæхим», зæгъгæ, загъта, цалдæремæй еци дори алливарс къанфеттæ нигæлстонцæ æма си фæйнæ дори исæвардтонцæ. Æз дæр си еу дор исæвардтон.

**24 октябрь.** Абони афгайнаг æма советон дохтиртæн адтæй еумæйаг æмбурд. Æрбацудæнцæ имæ Афганистани Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг, советон дохтирти советник Криштопа П. æма контракти хецау Кривда Ю. Дзурди барæ адтæй алкæмæн дæр. Фулдæр дзурдтан нæ кусти гъæуагæдзийнæдти фæдбæл. Кæронбæттæни министри хуæдæййевæг загъта:

– Берæ аййеппити тухххæй æз фиццаг хатт игъосун амæй размæ мæнмæ еци фарстати фæдбæл некæд ма неке ’рбацудæй.

Зæрдæ байвардта, ке архайдзæнæй еци гъæнтæ райеуварс кæнунбæл.

28 октябрь. Абони искодтан вазуггин операци, багъудæй ибæл æхсæз сахатти исхарз кæнун. Фондз мæйи кæбæл рацудæй, уæхæн стæги састбæл исæвардтон Илизарови аппарат. Госпитæли байзадан изæрдалингти уæнгæ.

Операци кæнгæй афгайнаг дохтиртæн сæ рæфтади афонæ ку ’рцæуй, уæд сæ куст нииуадзунцæ. Цийфæнди уæззау ку уа сæйги уавæр, уæддæр дохтир цалинмæ бахуæра, уæдмæ неци хузи косдзæнæй идарддæр. Мæн дæр абони дууæ афгайнаг ассистенти еунæгæй фæууагътонцæ нæхе дохтир Двали Р. хæццæ. Е ку нæ адтайдæ, еци сахат мæ рази, уæд куд адтайдæ, магъа...

Нигулæйнаг дохтиртæ афгайнæгти ке ардаунцæ, уомæ гæсгæ тæссаг æй, барвæндонæй операцибæл лæгъузердæмæ ку байархайонцæ, уомæй дæр. Цæмæй уой фæсте æмгъæлæсæй адæмæн дзоронцæ: «Уинетæ, куд æнарæхст æнцæ советон дохтиртæ. Уотæ хе багъæуай кæнун гъæуй аллирдигæй дæр.

**29 октябрь.** Æзинæ операци кæмæн искодтон, еци сæйгæ æхе хуарз æнкъаруй.

**1 ноябрь.** Мæ сæйгæ ’хсæвæ нæ бафунæй æй, æ къах хъæбæрæй-хъæбæрдæр рæсуйуй, æ худтæ ин исистон, рацудæй си берæ хæфæ. Бабастон æй нæуæгæй. Тог имæ бауадзун гъæуй, фал ин е ’нсувæр нæма ’рбахаста.

**2 ноябрь.** Мæ сæйги уавæр уаззауæй-уæззаудæр кæнуй. Гъæдгин арфæй-арфдæр ихæлуй. Æрхъæрттæй уæраги бунмæ – «гази флегмонæ». Баунаффæ кæнуни тухххæй фæдздзурдтон нæхе æма афгайнаг хирургтæмæ. Къах лухкæнуйнаг æй, фал æнæ хæстæгути фæндæй, уомæн гæнæн нæййес. Е ’нсувæр сæумæй раздæр не ’рбацæудзæнæй æма кæд сæйги уодæн æргом тæссаг æй, уæддæр уомæ æнгъæлмæ кæсун гъæуй.

**3 ноябрь.** Хирургтæ фæууидтонцæ сæйги æма сæ еугур дæр еу хатдзæгмæ ’рцудæнцæ – гази флегмонæ. Фæстеуатгæнæн нæбал адтæй æма къах ралух кодтон.

**4 ноябрь.** Мæ сæйгæн æ цæстингас фæрраевдзæгдæр æй, мæ къох мин райста. Æ къах æ уæле нæбал æй, уой нæма зонуй.

Æзинæ дæр бабæй, хуæрз хæстæгæй игъустæй гæрæхтæ. Сæумæй базудтан, гранаттæ еу-дууæ хæдзари уоддæр ке ихалдæнцæ, уой. Цалдæр хæдзаремæн сæ къæрæзгитæ æма фæрстæ ниппурхæ ’нцæ. Фудгæнгутæ æхстонцæ сахаргæрæнттæй цæрæнбунæттæмæ.

**5 ноябрь.** Мæ сæйги хузæ зæрдæдзоргæ нæбал æй. Æ къах æ уæле ке нæбал æй, уой базудта. Коруй, цæмæй æй, ку исиста, уæд Цæдесмæ рарветонцæ «нæуæг къах кæнунмæ».

**9 декабрь.** Евгъуд рæстæг сабур рахаста. Æхсæвигæнтти дæр гæрæхтæ нæбал игъустæй.

**Еумæйаг феппайуйнаг.**

Берæ рауæнти ес уруссаг æвзаг кæми ахур кæнунцæ, уæхæн къуæрттæ. Ка сæмæ цæуй, уонæй уæд еу, уæд иннæ фæттæрсуй фудгæнгути æртхъерæнтæй æма нæбал феуæндунцæ ахурмæ цæун.

***Уодзæнæй ма.***

***Англий разамонæг Уинстон ЧЕРЧИЛЛЬ (1874-1965) 1941 анзи 22 июни æ радзубандий уотæ загъта: «Гитлер æй фудонхи æнаккаг, илгъаг æфтудтаг, бафсес ин нæййес тогæй, стъегъунæй. Æнæгъæнæ Европæ æ зæбæти буни ке фæккодта, кенæ ба 'й устур таси бафтаугæй, æгади бунатмæ, цагъари цавæрмæ ке 'ртардта, е имæ фагæ нæ фæккастæй. Нур ба гъæуама Уæрæсе æма Азий дзилити цæгъдун, царæфтуд кæнун райдайа. Нацистон гангстертæ***



# НÆЙЙЕС СИН ФЕРОНХГÆНÆН, НÆЙЙЕС СИН НИХХАТИРГÆНÆН...

## «ФÆЙЙЕРВАЗТАН ЛÆГЪУЗ АДÆМИ-ТУХГÆНГУТИ МИУТÆЙ...»

*Дзоруй МЕДОЙТИ Бола:*

– Æз, мæ хор, цуппар инсæй анзи цæрун аци дуйнебæл. Фал некæдма фæууидтон уæхæн цъумур адæм, уæхæн гъæддаг миутæ… Зæронд æма къуру дæн. Мæ гъоси мин гъæрæй фæдздзорунцæ. Æз сæ нæ фегъосун. Уотæ мæмæ фæккæсуй, цума мæ етæ дæр нæ фегъосунцæ. Гъе уомæ гæсгæ гъæрæй дзордзæнæн дæ хæццæ. Уомæй уæлдай ма æз сæйгæ лæг дæн. Нез хъаурæгиндæр æй адæймагæй. Гъе уотæ, мæ хор. Ду мин зæгъай – сæйгæн, зæрондæн ка некæд хатир кæнуй, адæймаги адæймагбæл ка нæ нимайа, уомæй гъæддаг сирдæй ести уæлдай ес? Уогæ сирд уонæй берæ æгъдаугиндæр æй. Знаги æрдонгтæ нин нæ гъæу ку байстонцæ, уæд æз нæ фæллигъдтæн. Кæд цæунгъон адтæн, уæддæр. Нецæмæй тарстæн. Æз нæ лæдæрдтæн адæймаг адæймагæй цæмæн гъæуама тæрса. Сувæллæнттæ мæ туххæй дæр сæ хæццæ зæнхи къæхтитæмæ кодтонцæ. Æз син нæ бакумдтон.

… Немуцæгтæ мæ хæдзарæй расурдтонцæ. Каутæ сугътонцæ, хæлæф кодтонцæ мулкбæл, истонцæ нин нæ фонс. Æз еу хатт минкъий фæрæт циргъ кодтон уæрми медæгæ. Уой размæ мин мæ дууæ фуси равгарстонцæ, бахуардтонцæ сæ. Мæстгун сæмæ ке адтæн, уой æрлæдæрдтæнцæ…

– Ци кæнис еци фæрæтæй? – Æвæдзи си сæхецæн фæттарстæнцæ! Æз син цидæртæ дзорун, лæдæрун син кæнун. Корун си хатир. Етæ мæ нæмун райдæдтонцæ. Бакодтонцæ мæ сæ хестæри размæ: фæрæтæй, дан, нæ марунмæ гъавта! Нæ зонун – куд дин балæдæрун кæнон сæ фудмиутæ.

Зæронд нæуæгæй тухуолæфт никкодта. Уæдта бабæй дзорун райдæдта:

– Æз мæлæтæй нæ тæрсун. Ести, миййаг, минкъий ку нæ рацардтæн. Фал уæддæр мæлун ке фæндуй. Уæлдайдæр ба æгади мардæй! Мæн нæ фæндадтæй еске къохæй фудконд мæлæт иссерун!.. Æнæмæнгæ мæн гъæуама фехстайуонцæ. Фал сæмæ еуафони сæ хестæртæй еу фæззиндтæй. Æвæдзи, лæгъузтæ кæми уа, уоми хуарзæн дæр æнæ уæн нæййес. Фæййергъæв мæ кодта. Фал мин мæ мулкæй нецибал равардтонцæ.

Уалинмæ нæхе æфсæддонтæ нæуæгæй æрбампурстонцæ. Ратардтонцæ знаги. Фæййервазтан лæгъуз адæми-тухгæнгути миутæй…

Зæронд лæг æ къох æвæрун нæ зонуй. Гæгъæдибæл ци ниффинстан, уонæбæл æ бæсти æ къох æрæвардта Таухъазахти Владимир. Уотемæй æй исфедар кодта гъæусовети сæрдар Хуасдзаути Амурхан.

*1943 анзи 2 апрель. Чикола.*

## КУД ФЕХСТОНЦÆ ФАШИСТТÆ ГАСАНТИ БИЦЦЕУТИ

Нæ зонун, ци хузи дзурдтæй зæгъон мади æгæрон уæззау гъигæ – е скъола-дзаусувæллæнтти, æ хъазар минкъий бæдæлтти фашисттæ æ цæсти рази кæмæн фехстонцæ, еци ниййерæги зæрди рист. Æгъатир сирдтæ! Зæнхæ сæ æ уæле куд урамуй! Арв уæ куд не 'рцæвуй! Гæр, ескæд феронх уодзæнæнцæ уæ гъæддаг миутæ?..

Мадæн зин æй æ бæдæлттæ Ханафи æма Омарбийи туххæй дзорун. Фашисттæ гъезæмарæй мардтонцæ мадæн æхе дæр. Гъе уæдта ниййерæги æгасæй ниуувагътонцæ, сабийти ба фехстонцæ… Цæмæн ма 'й ниуувагътонцæ æгасæй? Æвæдзи, уомæн, цæмæй ин карздæр маст æ зæрди уедæгтæ хъæбæрдæр æхсина: цæмæй ин мæлæтæй зиндæр уа…

Тæрегъæддаг рацæргæ силгоймаг – сувæллæнтти мадæ Гасанти Дзафи æхе хузæн нæбал æй. Æ хузæ бустæгидæр райййивта, æ фудхуз æма фæлорс цæсгонбæл сауæдæнттæй уайунцæ цæстисугтæ, устур гъигæдзийнади дзурдтæ туххæйти хаунцæ æ цъухæй, æ хъури фæббадунцæ… Цалдæр хатти æнамонд мадæн æ зæрдæ багъар æй. Дон ин бадарунцæ æ цъухмæ… Мадæн æ зæронд мадæ нифситæ æвæруй:

– Е куд æй, мæ хор, дæхебæл фæххуæцæ! Мастæн æ хуæздæр хуасæ – федар лæуун!

Æма бабæй Дзафи æ дзубанди идарддæр кæнуй. Дзоруй махæн æ хабæрттæ. Махмæ еуæй-еу хатт уотæ фæккæсуй, цума




**Аци циртдзæвæн Хъарман-Синдзигъæуи æвæрд æй, фашистти къохæй гъæубæсти цæргутæй ка бастъалдæй, уони номерæнæн.**

си æвеппайди æрбайронх æй, кæми æма ци рауæн æй, е, кæмæн дзоруй, æма имæ ка игъосуй, е. Æ цæститæ урух байгон кæнуй, къехæй райзайуй æма æгъатир мастæй иссодзунцæ æ цæститæ, исæхседуй æ зæрдæ. Раст, цума, седуй еугур дуйнемæ еци лæгмарти нихмæ – сувæллæнтти æма зæрæндти ка цæгъдуй, адæймаги ном ка цъумур кæнуй, уони нихмæ…

– О, ме 'намонд сæр… Мæ сау бонтæ!.. Сумах мин бахатир кæнетæ мæ лæмæгъдзийнадæ. Зин мин æй дзорун уони туххæй.

– Гъо, зин дин æй, мадæ! Фал… Уадзæ æма зононцæ адæмтæ сæ еугур дæр – ка 'нцæ фашистон лæгмартæ! Уадзæ, æма федæни ка цæра, уонæмæ дæр фегъуса дæ кæун, дæ сабийти æхсаргин мæлæти кой!..

– Куд уин загътон, уотæ немуц нин нæ гъæу ку байстонцæ, уæд æз мæ сабийти хæццæ ами байзадтæн. Мæ хестæр дууæ биццеуи Сурх Æфсади 'нцæ. Ами ба мæ хæццæ мæ дууæ æнагъом сабийи – Ханафи æма Омарби. Хестæрбæл цудæй æртиндæс анзи, кæстæрбæл – дууадæс… Æз бæргæ архайдтон уони гъæунгæмæ нæ уадзунбæл. Фал сæбæл се 'намонддзийнадæ, æвæдзи, фæхъхъаурæгиндæр æй. Мæ бон нæ адтæй сæ бауорамун. Ханафи адтæй æдæрсгæ, æхсаргин. Е немуцаг æфсадæй æ исæфт уидта, кастæй сæмæ æнæуинон цæстæй. Кастæй сæмæ æма син сæ фудмиутæ уидта – куд давтонцæ адæми мулк, куд гириз кодтонцæ гъæуи ма ци зæронд лæгтæ æма зæронд уоститæ байзадæй, уонæй. Еуæй-еу хатт сæмæ нивзедидæ, еу афицер си уæлдай цъамардæр æй, æма ин æз гъæуама æ аккаг фæууон. Æз ин бæргæ дзурдтон, фал кæми! – Еуминкъий фæгъгъос æй Дзафи. Цæстисугтæ тумбул къохæй расæрфта æма бабæй идарддæр дзоруй:

– Кæстæр биццеу Омарби… О, мæ сау бонтæ… Сæ хæццæ мæ цæмæннæ райста мæлæт… Омарби ба адтæй бустæги æндæр хузи. Сабур, хатиргæнагæ. Немуцæй мин хъæбæр тарстæй æма мæ еунæгæй некæд ниуувагъта. Хъæбæр тарстæй хес-тæри зуст дзурдæй дæр. Æхецæн нæ, фал Ханафийæн тарстæй: ести ку бакæна æма фидбилизи ку бахауа. Цæмæй зудтон уæд æз, кæстæр ин æхуæдæг дæр агъаз кодта, уой.

Ме 'намондæн, Ханафи кæцæйдæр фæххуæст æй тохæнгарзбæл. Фæндзæхстонбæл. Æма си фехститæ кодта. Ке? Куд? Уомæн æз неци базудтон уæд.

Ханафийи циуавæрдæр афицер бауорамунмæ гъавта, фал биццеу ралигъдæй æма æхе баримахста. Еци хабар мæнæн радзурдта Омарби. Минкъий ма мæ ба-гъудæй зæрддзæф фæуунмæ. Мæ тухæ расастæй, мæ къæхтæ фæддон æнцæ. Фал ма мæ гъостæбæл уадæнцæ Омарбийи дзурдтæ:

– Ханафи немуцæгтæй еуей фехста! Ралигъдæй, агорунцæ 'й.

Ку ибæл фæххуæст уонцæ, уæд æй, æнæмæнгæ, фехсдзæнæнцæ! – Фæстæмæ ралигъдæй. Æ фæсте ма рауайунмæ гъавтон, фал ма 'й кæми раййафтайнæ!

Омарбийи немуцæгтæн кадæр байамудта. Е, дан, ка ралигъдæй, еци биццеуи кæстæр æнсувæр æй. Æма 'й æрахæстонцæ. Немуцæгтæ Омарбийи надтонцæ, гъезæмарæй æй мардтонцæ, байамонæ нин, де 'нсувæр кæми æй, уой, зæгъгæ.

Уалинмæ æрахæстонцæ мæнæн мæхе дæр. Бакодтонцæ нæ ахæстдони. Уоми цитæ æвзарун кодтонцæ, етæ зин дзорæн æнцæ. Ханафимæ кæцæйдæр фегъустæй, мах ке æрахæстонцæ, е. Æма уæд æхуæдæг æхе къахæй æрбацудæй. Мæгур æ бон, уомæй уотæ мах ба исуæгъдæ кæн-дзæнæнцæ, фудгин сæ къохи ку бафтуйа, уæд. Фал фæррæдудæй… Мах не 'ртей дæр еумæ бакодтонцæ еу камери. Æхсæвæ нæбæл кутемæй райевгъудæй, уой ка зæгъдзæнæй. Сæумæй ба нæ æхгæд машинæмæ багæлстонцæ…

Цæмæй зудтан, кумæ нæ ласунцæ… Ци нин кæнунцæ! Шоферæй уæлдай ма машини адтæнцæ гъæуайгæнгутæ автоматти хæццæ. Зæронд Лескенмæ ку бахæстæг ан, уæд машинæ бауорæдтонцæ. Мæн машинæй рагæлстонцæ. Æз æнгъæл адтæн, уони дæр рахезун кæндзæнæнцæ, зæгъгæ, фал нæ! Дуар сæбæл бахгæдтонцæ. Æз мæ уæраги сæртæбæл æрхаудтæн. Курдтон си, рахезун сæ кæнетæ, кенæ мæн дæр сæ хæццæ ласетæ, зæгъгæ. Фал кæми. Уæхæн лæгмартæ цæмæй лæдæрунцæ мади зин. Исдзурдтонцæ мæмæ:

– Мах ани нуртæккæ фехсдзинан!.. Ду цийнæ кæнæ, æгасæй дæ ке уадзæн…

Гъо, неци адтæй уонæмæ адæймаги тогæй!.. Тæрегъæд фæккæнуни бæсти ма мæмæ гъазæн дзурдтæ гæлстонцæ: Ма син тæрсæ! Мах сæ немуцагау исахур кæндзинан… Цæмæй син тæрсис – мах сæ нуртæккæ рагæрах кæндзинан. Уæд мин сæ къохæй амудтонцæ, гиризгæнгæй, уæдта уруссагау цъæрæмухститæй лæдæрун кодтонцæ.

Фæлластонцæ мин мæ бæдæлтти æма сæ фехстонцæ. Сæ мæрдтæ син иссирдтонцæ инсæй боней фæсте. Уони рæстæгмæ байвардта кæсгон гъонгæс... Уой фæсте сæ 'рбаластан нæхемæ.

Мадæ нæмæ сæ хæдæнттæ равдиста. Автоматæй сæ кæми фехстонцæ, еци хæдæнттæ. Зин банимайæн æнцæ хæдæнтти цъæсгитæ, автомати нæмугдзæфтæ… Мадæн бабæй нæуæгæй фемæхстæнцæ æ цæстисугтæ:

**Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Семен Константини фурт Тимошенкой райгурдбæл 18 феврали æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1895-1970).**

*анзæй-анзмæ, зæгъæн ес, ревæд бунати аразтонцæ æверхъау тугъдон машинæ. Мах æма иннæ цивилизацион дуйне сæмæ зунд цохи хузæн æнæмæтæй, æдухстæй, æвæлмастæй кастан, нæ сæ гъигæ кодтонцæ. Нур еци машинæн æнцад лæууæн нæбал ес – æгустæй изгæ кæнун райдайдзæнæй. Гъæуама еудадзуг гъуддаги лæуд уа, æзмæла, нихъуæра адæми, æ буни æнсæнда къонатæ, миллионгай дзиллити бартæ...»*





– Ниххатир мин кæнетæ мæ лæмæгъдзийнадæ! – хатир бабæй коруй махæй. – Адзалæй рамæлун неци кæнуй. Уомæй тæрсун нæ гъæуй. Фал мæ хъазар сабийтæ мæнæн… Уогæ ба, цитæ бавзурстон, цæйбæрцæ зинтæн ниббухстæн… Куд ма фæразун, куд!.. Уони еугурей ке бон бауодзæнæй радзорун.

Мади устур гъигæ мах дæр гъиги бафтудта. Мæтъæл ан, æгæрон мæтъæл. Фал ке бон æй уæддæр нийиерæги уæхæн гъигæдзийнадæ радех кæнун!..

*1943 анзи 2 апрель.*
*Ирæфи район, Чикола.*

## УОТÆ СИН ГЪУДÆЙ

Сурх-Дигорæмæ хæстæг надбæл лæуунцæ немуцаг рæуæг хуæдтолгити сугъдтитæ. Цума кутемæй æма ци хузи пурхæгонд æрцудæнцæ? – исбæлвурд кæнæн хабар.

Сурх-Дигорæ оккупацигонд ку 'рцудæй, уомæй дууæ-æртæ бони фæстæдæр немуцаг афицертæ ахид цæун райдæдтонцæ рæуæг хуæдтолгити Чиколамæ. Æвæдзи сæ уоми устур гъуддæгутæ адтæй.

Æма еу æхсæвæ Сурх Æфсади сгаргутæ еци надбæл минкъий хеди буни байвардтонцæ минитæ. Етæ зудтонцæ, хедбæл немуцаг рæуæг хуæдтолгæй раздæр ке неке бацæуддзæнæй, уой. Уомæн æма бунæттон адæмæн уæхæн цæуæнтæ нæ адтæй надбæл еци рæстæг. Æма æцæгæй – сæумæй рагигомау немуц Чиколайæй тагъд-тагъдæй уадæнцæ Сурх-Дигорæмæ. Минæ сæбæл фехалдæй. Хуæдтолги ка бадтæй, етæ сæ еугурдæр фесавдæнцæ. Хуæдтолгæй ма, мæнæ куд уинетæ, уотемæй айдагъдæр байзадæнцæ æ рами цъæлтæ, – загъта нин Гетъойти Андрей. Еци цауи æцæгдзийнадæ бæлвурдæй зудта Гæуисти Мæрзабеги фурт Брихин дæр. Уой фæсте, дан, немуцаг оккупанттæ бустæгидæр исæрра 'нцæ. Адæми никки хъæбæрдæр æфхуæрун æма æхсун райдæдтонцæ.

*1943 анзи, 22 апрель.*
*Сурх-Дигорæ.*

## СÆ КЪОХ КÆМÆ ИСТОНЦÆ ФАШИСТТÆ

Чиколай махæн радзурдтонцæ уæхæн хабар.

Цорити Хадзисмели фурт Хасан – Сурх Æфсади командир, бæгъатæрæй фæммард æй Хонсари фронти 1941 анзи 29 декабри. Æ хæдзари бийнонтæ: æ уосæ Кианауат – 32-анздзуд, æ биццеу Марклен – 5-анздзуд æма æ кизгæ Зинæ – 3-анздзуд байзадæнцæ сæхемæ Чиколай.

Оккупаций рæстæги син, сæ мулкбæл фæххæлæф кодтонцæ фашисттæ, сæ фонс, сæ хуссæнтæ син байстонцæ, стъолтæ, тумбочкитæ басугътонцæ, сæхе син сæ хæдзарæй расурдтонцæ. Кианауат æ сувæллæнтти хæццæ фæллигъдæй кæсгон гъæу Озрекмæ æ хæстæгутæмæ. Фал уоми дæр сæ фудмиутæ кодтонцæ немуцæгтæ. Етæ базудтонцæ, Кианауатæн æ сæри хецау ке адтæй æновуд коммунист, иссирдтонцæ имæ æ лейтенант æнсувæр Мазири киунугæ, Сталини хузистити хæццæ. Æма 'й уæд бустæгидæр гъигæ дарун райдæдтонцæ.

Еууæхæни фашисттæ Кианауати агурдтонцæ, фал е æхе римахста. Немуцаг афицермæ æ минкъий кизгæ бауадæй. Е уотæ æнгъалдта, æма алкедæр папæ хонун æнгъезуй, æфсæддон дарæси кæддæр фæууидта æ фиди. Гъе æма немуцаг афицермæ игъæлдзæгæй бауадæй:

– Папæ! Папæ! – зæгъгæ, имæ гъæр кодта. Сувæллон æнгъæл адтæй, е ибæл бацийнæ кæндзæнæй, барæвдаудзæнæй æй. Фал кæми! Тогмондаг фашист æнауæрдонæй нитътъæппитæ кодта сабийи цæсгон, никки ма имæ дамбаца дæр фелваста.

Сувæллон никкудтæй, æ цæсгонбæл райзадæнцæ знаги æнгулдзити фæдтæ… Еци цæфæй бахъæрæу æй кизгæ. Уой фæсте – папæ, зæгъгæ, некæдбал некæмæ исдзурдта минкъий сабий.

## ЗÆРОНД УОСИ РАДЗУРД

Немуци æрбацуди агъоммæ мах нæ цардæй сæрустур адтæн, нæхе амондгунбæл нимадтан. Нæ зæронд куста колхози гъæуайгæсæй, искодта берæ фæллойнибæнттæ. Æз дæр æма кизгæ дæр архайдтан. Агъаз нин кодтонцæ биццеутæ дæр. Фал нæбæл знæгти æрбацуди хæццæ фудбонтæ 'ркодта. Байстонцæ нин нæ амондгун цард. Нæ хæдзарæ нин фехалдтонцæ, нæ мулк нин байстонцæ. Мæ лæги мин фехстонцæ.

Еу бон махонтæ фашисттæн сæ уод исласунмæ гъавтонцæ, немуц дæр мадта куд нæ тухтайуонцæ. Еудзурдæй, тугъд æ карзи бацудæй дууети 'хсæн. Зæронд æхе бафæсвæд кæнунмæ гъавта акъоппи. Немуцæгтæ ибæл фæггурусхæ 'нцæ: уотæ бангъалдтонцæ æма сæ е æхсгæ кæнуй. Æма æй багæрах кодтонцæ. Еу нæмуг æ тæккæ реубæл исуадæй.

– Нæ! Нæ! Махæй некæд феронх уодзæнæнцæ еци знæгти цъумур æма тогмондаг миутæ! Никки ма ни некæд феронх уодзæнæй, анзи фæстаг мæйи уони куд æхсаргинæй пурхæ кæнун райдæдта нæ Сурх Æфсад! Аст боней дæргъи цудæй карз тох дууети 'хсæн нæ гъæуи размæ. Еци рæстæг мах – зæрæндтæ, сувæллæнттæ æма сæйгитæ уæрмити римахстан нæхе, гъезæмарæй мардан – стонг æма æдонугæй! – Мæстгунæй дзоруй зæронд уосæ.

– Æз нур зæронд дæн, – зæгъуй е æ дзубандий кæрони. – Цæуй мæбæл 70 анзи. Цæмæ ма бæллон царди? Фал мæ уæддæр цæрун фæндуй, фæндуй мæ нæ адæми уæлахез, мæ биццеутæ Ахурбег æма Мухарбеги фæууинун. Етæ, знагæй сæ маст райсгæй, иссæудзæнæнцæ сæрустурæй нæхемæ. Гъе уæдта рамæлун дæр неци кæнуй…

Махмæ гъарунцæ æгæрон хъаурæгин Биасти зæронд уосæ Гизай цийнæ æма гъигæй идзаг арф дзурдтæ. Æ хæццæ арази ан æнæ ести уæлдай дзубандийæй…

## ОККУПАНТТИ ГЪÆДДАГ МИУТÆ ТОЛДЗГУНИ

1942 анзи 31 декабри немуцаг оккупанттæ Толдзгуни фехстонцæ авд лæги. Фашисттæ лæдæрдтæнцæ, еци бæнтти сæбæл тæссаг рæстæг ке 'ркодта, уой. Сурх Æфсади æфсæдтæ нифсгундæрæй размæ æмпурсун райдæдтонцæ. Знæгтæ лæдæрдтæнцæ, аци гъæуи син берæ фæс-теуат кæнæн ке нæбал адтæй, уой. Еу хатт сæ маст искалдтонцæ колхозонтæбæл.

Минкъий гъæу æй Толдзгун. Æдеугур сæдæ хæдзаремæ хæстæг. Фал гъæздуг æма бæркадгин. Сæ мулкбæл син фæххæлæф кодтонцæ балберæгътæ. Гириз кодтонцæ зæрæндтæбæл, сувæллæнттæбæл, силгоймæгти надтонцæ. Фал сæмæ е фагæ нæ кастæй. Етæ бæлдтæнцæ адæми фулдæр тог никкалунмæ, колхозонти зæрдити арф гъæдгинтæ æма устур тас ниууадзунмæ. Æма мæнæ – 31 декабри – Сурх Æфсади æхсаргин æмпурст райдайунмæ еу сахаттæй фулдæр нæбал гъудæй, уотæ æрахæстонцæ гъæуи цæргутæй аст адæймаги. Уонæбæл, æвæдзи, уæлдай фулдæр гурусхæ кодтонцæ, партизанти агъазгæнгутæ 'нцæ, зæгъгæ. Нæуæг анзи (1943 анзи 1 январи) фашисттæ сæ берæ фудмиутæй еу исæнхæст кодтонцæ. Аст уацайрагей фæттардтонцæ фæсгъæумæ. Еу къахти билæбæл автоматтæй фехстонцæ авд лæги. Уони хæццæ адтæнцæ Толдз-гуни хуæздæртæ: Хæмицати Орæзмæги фурттæ – дууæ æнсувæри Сандир æма Данел, Сандирæн æ 15-анздзуд хъæболæ План, Хортити Тубу, Габети Хазби, уæдта дууæ сурхæфсæддони – уацари сæмæ ка адтæй, уæхæнттæ…

Мах фæууидтан, советон адæми хъазар хъæболти оккупанттæ æверхъауæй кæми рамардтонцæ, еци къахт. Ристзæрдæй æ рази нæ ходтæ исистан.

*1943 анзи 21 апрель.*
*Сурх-Дигорæ.*

## ЦÆМÆН МАРДТОНЦÆ ЗÆРОНД ЛÆГТИ?..

Мæ рази лæууй сувæллон кизгæ. Æ дзурдтæ æ хъури бадунцæ, цæститæ дони зелунцæ. Уотæ зиннуй, цума сæ гъæуи цитæ 'рцудæй, уой дзæбæх нæ лæдæруй, цума 'й цидæр базонун фæндуй.

– Æз Бичегкути кизгæ дæн, – зæгъуй е, – мæ фиди фидæ Фацбайбæл сæдæ анземæй минкъийдæр нæ цæуй. Е раги бахъæрæу æй. Æ хуссæнæй рагæйдæр уæлæмæ нæбал истуй. Æма ибæл кæд уотæ берæ æнзтæ цудæй, уæддæр устур зæрди хецау адтæй, сæрустур адтæй, оккупаций рæстæги гъæуæй æхе раласун нæ бауагъта. Бийнонтæ рандæ 'нцæ гъæдæмæ. Е байзадæй хæдзари.

Кизгæ фæгъгъос æй. Цидæр маст ин рахгæдта æ цъух, циуавæрдæр æнахур тухст цæстингасæй кæсуй махмæ, цума ни ести агъаз агоруй, цума нæмæ ести дзуапмæ æнгъæлмæ кæсуй.

– Цæмæн?.. Цæмæн марунцæ уæхæн æнæхъаурæ зæрæндти етæ? – фæрсуй кизгæ. – Е æнцад хустæй æхецæн. Неке нецæмæй хъор кодта, неке нецæмæй ихæсгин кодта. Нæ синхаг хæстæгутæй имæ кадæр зилдæй. Нецæмæй гъигæ дардта немуци, уæд æй цæмæн фехстонцæ, уæд, цæмæн? Зæгъайтæ мин… Æз æй нæ лæдæрун!

Æз нæ зонун, ци дзуапп ин раттон, уой.

Игъосун имæ идарддæр.

– Немуци ку ратардтонцæ ардигæй æма нæхемæ ку 'рцудан, уæд нæ бабай мардæй фæууидтан. Уой немуц фехстонцæ. Æ тог æрхæнтæй лæудтæй æ хуссæни рази. Æ бауæрбæл адтæй аст нæмуги цæфи. Æвæдзи, ку æй фехстонцæ, уæд æрхаудтæй хуссæнæй пъолмæ…

Гъе уæхæн адтæнцæ еци фашисттæ… Уотæ нин дзурдта 13-анздзуд Клеткæ – Бичегкути Мухари кизгæ, æ зæронд баба Фацбайи туххæй еци уæззау бæнтти…

*1943 анзи, 22 апрель.*
*Сурх-Дигорæ.*

* * *

*Редакцийæй. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ, Цæгат Иристонмæ 'рбайервæзгæй си, ци æверхъаудзийнæдтæ исаразтонцæ, уой туххæй хецæн æрмæгутæ идарддæр дæр ма мухур кæндзинан нæ газети.*





**Инæлар-майор, Советон Цæдеси Бæгъатæр, Плити Исси æмтохгæнæг Лев Михаили фурт Доватори райгурдбæл 20 феврали æнхæст кæнуй дууæ æма æхсæзинсæй анзи (1903-1941). Абони æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи проспект.**

☺ ☺ ☺

*– Ты не представляешь, какой может быть у женщины слух!.. Моя жена, например, слышит, как я стряхиваю пепел на ковер.*

☺ ☺ ☺

*– Зачем ты пьешь так много воды?*
*– Я яблоко съел.*
*– Ну и что же?*
*– А помыть его я забыл.*

☺ ☺ ☺

*Вовочка говорит отцу:*
*– Я вчера на улице нашел тысячу рублей и отнес их в полицию. А что ты сделал бы на моем месте?*
*– То же, что и ты. Соврал бы.*

## ХУАРЗ РАКÆНÆ, ÆМА АДÆМÆЙ ТУХХÆЙ КУ ЛЕДЗАЙ, УÆДДÆР ДÆ НÆБАЛ РАУАДЗДЗÆНÆНЦÆ!..



# ЦÆЙБÆРЦÆБÆЛ ХАРАКЕТ ЗÆРДÆ ДÆ

Хетæгкати Къостай хуарз ка зудта, етæ куд имистонцæ, уотемæй, дан, ин хъæбæр тæрегъæдгæнагæ зæрдихатт адтæй. Еу хатт Нарæй Дзанайти Садулли хæццæ рараст æнцæ сахармæ. Цанæбæрæг рауадæнцæ, уотемæй сæбæл исæмбалдæй еу уосæ бугъзуртæ дарæси, пурхитæ дзабурти, æ рагъи ба цидæр æргъон… Къоста уой ку рауидта, уæд æ игъæлдзæгдзийнадæ уайтæккæдæр фæццидæр æй, æрмæтъæл æй æма бахъонц кодта.

– Цума кæд фæййервæздзæнæнцæ нæ хуæнхбæсти адæм аци гъезæмарæ цардæй?..

Силгоймаги ку байййафтонцæ, уæд ин Къоста е ’ргъон æ бæхбæл исæвардта, уæдта æ дзиппити разгилдта æма си исиста æхца, фондз соми, æма ин сæ балæвар кодта, дæхецæн си дарæс балхæнæ, зæгъгæ. Уотемæй ба Къостайæн еци фондз соми адтæнцæ, æхцайæй имæ æдеугурæй ци адтæй, етæ…

* * *

Аци хабар бакæсгæй уи, ка ’й зонуй, еске расагъæс кæндзæнæй, æз ба Къостай бунати куд бакодтайнæ, зæгъгæ. Характет уоди хецау дæ æви цæлæмбуд? Уой туххæй дæхуæдæг куд æнгъæлис æма дæ зонгитæ куд нимайунцæ? Уæхæн фарстатæбæл дзуапп раттунæн дин, махмæ гæсгæ, еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр. Æргомæй сæбæл дзуапп раттун бавзарæ.

**1. Тукани дæ цигъæуæгтæ балхæдтай, уотемæй гъæунгмæ ку рацудтæ, уæд уоми ба исцурæвæрæ дæ еу мæгургорбæл, æма дæмæ æ къох даруй. Еци уавæри дæхе куд равдесдзæнæ?**

а) Æ рæзти райевгъуйдзæнæ. б) Листæгутæ ин ратдзæнæ, цæмæй си фæййервæзай. в) Алкæддæр дæ дзиппи дарис æхца мæгурæн фæййагъаз кæнунмæ.

**2. Игъæлдзæгдзийнади изæри базонгæ дæ кедæр хæццæ. Кæд дæ зæрдæмæ фæццудæй, уæд æ циуавæр менеуæгæй?**

а) Циргъзунддзийнадæ. б) Хуарз гъомбæладæй. в) Æргом зæрдихаттæй.

**3. Дæ къохмæ еуцæйбæрцæдæр фæрсаг æхца ’рбахаудтæй. Цæбæл сæ бахарз кæндзæнæ?**

а) Банки сæ нивværдзæнæ. б) Мæгуртæн сæ ратдзæнæ. в) Ресторани си зæрдидзæбæхæн фæммийнасæ кæндзæнæ.

**4. Дæ хуарз лимæни хабæрттæн неци зонис фæстаг рæстæгути. Ци хузи ин базондзæнæ æ уавæр?**

а) Æнгъæлмæ кæсдзæнæ, цалинмæ дæмæ æхуæдæг æрбадзора, уæдмæ. б) Æ хæдзарæмæ имæ фæццæудзæнæ. в) Телефонæй имæ бадзордзæнæ.

**5. Хецау ди ракурдта, цæмæй, ци æмкосæг фæссæйгæ ’й, уой кусти ихæс дæхемæ райсай. Ци дзуапп ин ратдзæнæ?**

а) Æгæр ку нæ ниддæргъвæтийнæ уа, уæд исарази уодзæнæ. б) Уæлæнхасæн материалон хуарзæнхæ байагордзæнæ. в) Не ’сарази уодзæнæ, мæхе кустæгутæ мин мæ хъури уæнгæ ’нцæ, зæгъгæ.

**6. Дæ фæлладуадзæн рæстæг кæми хуæздæр ферветис?**

а) Хуарз иуазæгдзæрæни дæ уарзон адæймаги хæццæ. б) Æмбæлтти хæццæ хейерхæфсæндони. в) Еунæгæй, цæмæй дин фадуат уа цæмæдесаг адæми хæццæ зонгæ кæнунмæ.

**7. Æхсæнадон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн кустæн ци равзарисæ?**

а) Уæззау сæйгæмæ кæсун. б) Седзæр сувæллæнттæмæ кæсун. в) Каргун адæммæ зелун.

Ци дзуæппитæ равзурстай, уонæн исаргъ кæнунæн испайда кæнæ мæнæ аци таблицæй:

| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| А | 1 | 3 | 1 | 1 | 3 | 2 | 3 |
| Б | 2 | 1 | 3 | 3 | 2 | 3 | 1 |
| В | 3 | 2 | 2 | 2 | 1 | 1 | 2 |

**Нур ба ци баллтæ æрæмбурд кодтай, уонæмæ гæсгæ рауайдзæнæнцæ хатдзæгтæ дæр.**

**7-11 балли.** Дæ лимæнтæ дæ, æвæдзи, цæлæмбуд адæймагбæл нимайунцæ. Ес уæхæн гъудимæ æрцæуæн, цума æгириддæр æхца харз кæнун нæ уарзис, ку харз кæнай, уæдта айдагъдæр дæхебæл. Дæ уодиконд ку нæ раййевай, уæд ди де ’мбæлттæ сæхе райеуварс кæндзæнæнцæ.

**19-16 балли.** Нимайунцæ дæ характет адæймагбæл. Ескæмæн фæййагъаз кæнун ку багъæуа, уæд дæхе еуварс нæ раласдзæнæ. Уомæ гæсгæ дин аргъ кæнунцæ дæ лимæнтæ. Фал уой ку балæдæрай, æма хийнæйдзагæй ди пайда кæнунцæ, уæдта ниццæхгæр ун дæр дæ бон æй.

**17-21 балли.** Æнæбæрцæбæл парахатзæрдæ дæ. Дæ зонгити ма уадзæ дæ еци менеуæгæй пайда кæнун, кенæ ба сæ хеваст миути амæттаг фæуыуодзæнæ. Хæлар рахастдзийнæдтæ даруни гъæуама еугурдæр æмбарæ уонцæ. Уой дæ зæрдæбæл дарæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Номдзуд уруссаг балхонтæй алкедæр айдагъ нæ фидибæстон нæ, фал дуйнеуон анзфинстити æносонгонд æрцудæй цалдæргай агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæй. Сæ еугурей уæлахезти кой нæ кæндзинан, фал зæгъайтæ, итайлаг балцийæй ба си ка иссæй зундгонд?**

а) Михаил Кутузов. б) Александр Суворов. в) Петр Багратион.

**2. Рагон Роми æфсæддонтæ дæсни адтæнцæ тугъдон гъуддæгути. Берæ цæмæдесаг мадзæлттæ æримисиуонцæ знагбæл фæууæлахез уни туххæй. Се ’ргъудидзийнæдтæй ба еуеми – сæ тугъдонти райарæзт – æримистонцæ еу цæрæгоймæ гæсгæ æма ’й исхудтонцæ уой номæй. Циуавæр цæрæгойи кой цæуй?**

а) Гъуæрттун хæпсæ. б) Хъибил. в) Хелагæ.

**3. Советон цирки номдзуд архайæг, Социалистон фæллойни Бæгъатæр Михаил Румянцев ци кустгæнæг адтæй?**

а) Æрмахургæнæг. б) Будзæу. в) Эквилибрист.

**4. Уæддæр ци хундтæй ромаг резæнгæ, кæций нимайунцæ, ромаг импери цæй фудæй бабун æй, еци адзалтæй еуебæл?**

а) Тæфсæг. б) Геруцъæ. в) Гъомурун.

**5. Александр Пушкини финст уацау «Капитанская дочка» кæд бакастайтæ, уæд, æвæдзи, æнцонæй зæгъдзинайтæ, уоми архайæг Петр Гринев циуавæр сирди царæй конд кæрцæ балæвар кодта адæми исæзмæнтæг Емельян Пугачевæн, ке æй фæййервæзун кодта, уой туххæй.**

а) Робаси. б) Берæгъи. в) Тæрхъоси.

**6. Зайæгойтæй кæцидæртæ адæймагæн пайдахæссæг, кæцидæртæ ба ин знаггадæгæнæг разиннунцæ. Æма куд хуннуй, æ зæнгæ хъæбæр тухгин кæмæн æй, адæймаг ибæл ку бамбæлуй, уæдта ’й хъæбæр ка басодзуй, еци зайæгой?**

а) Сæнкæ. б) Хæмицирехæ. в) Хæрæгсиндзæ.

**7. Швейцайрæгтæ Мишель-Габриэль Паккар æма Жак Бальма 1786 анзи ку исхизтæнцæ дуйней бæрзæндтæй еуемæ, Монбланмæ, уæд дуйней еугур æвзæгтæ дæр фæгъгъæздугдæр æнцæ нæуæг спортивон терминæй. Циуавæрæй?**

а) Экстремал. б) Альпинист. в) Каскадер.

## АДÆЙМАГ ЦИ НÆ ФЕГЪОСДЗÆНÆЙ

### САЙТÆНТТÆЙ САЙТАНДÆР РАЗИНДТÆЙ...

Еу англисаг рауон-циуон лæг Дери Найтмæ хумæтæги адæмæн над нæ адтæй – цудæнцæ имæ лордтæ, парламенти иуонгтæ, бизнесментæ, адвокаттæ… Сæ еугуремæ дæр «дæснимæ» адтæй еу курдиадæ: сайтан ми бацудæй æма мæ си фæййервæзун кæнæ.

Æма Найт дæр æ уодæй бацудæй. «Ибилистæн» ци фæцайдæ, фал цубур рæстæгмæ рамбурд кодта стерлингти 200 мин фунтемæй фулдæр. Цæйбæрцæ ма ин бантæстайдæ, сайтан æ зонæг, фал æхебæл сайд æрцудæй, æрахæстонцæ ’й. Тæрхони рæстæг, Найт ке фæссайдта, уони нæмттæ не ’сгъæр кодтонцæ, фал тæрхон адтæй карз: стерлингти 50 мин фунти ивар æма авд анзи ахæстдони фæббадун.

### ДЕССАГИ МУЛДЗУГУТÆ

Францусаг зоологтæ цалдæр анзей размæ мулдзугути хæццæ исаразтонцæ цæмæдесаг фæлварæн. Гъæди цæрæг мулдзугути зобатбæл багæлстонцæ содзгæ сонгун цирагъ.

Еугур урунгойтæ дæр уайтæкки сæ них исаразтонцæ, зинг кæми исервазтæй уордæмæ, æма ибæл пурхæ кæнун райдæдтонцæ сæ бауæрæй цæугæ тауæггадæ. Еци фæдеси си беретæ арти ниммардæнцæ. Фал син уайтæкки сæ бунат байахæстонцæ æндæртæ.



Арти хæццæ тох рахаста минутти бæрцæ. Уой фæсте зобати цард æ гакки исбадтæй.

Цалдæр къуæрей фæсте ба ахургæндтæ аци зобатбæл багæлстонцæ содзгæ сойнæ цирагъ.

Æма базудтонцæ нæуæг дессаг: аци хатт мулдзугутæ архайдтонцæ кæрæдзей хæццæ лæдæргæдæр æма тагъддæр. Сæхе гъæуай кодтонцæ хъæбæрдæр æма си еу дæр нæ фæммард æй. Зинг ба рахуссун кодтонцæ 40 секундмæ. Ахургæндтæ куд зæгъунцæ, уотемæй мулдзугутæ фиццаг хатти фæлтæрддзийнадæй дуккаг хатт хуæздæр испайда кодтонцæ.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

Газет исаразæг æма уадзæг:
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 320.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.02.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.02.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.